

NYCTM


Department of
Housing Preservation
& Development

www.nyc.gov/hpd

GID

ENFÒMASYON

OF LOJMAN



2021



SA KI NAN GID LA

Dwa ak Responsablite Pwopriyetè Kay ak Lokatè yo	3
Fason pou rete nan apatman ou san danje	4-22
I. KONDISYON	4-11
A. Chofaj ak Dlo Cho	4
B. Detektè Gaz Kabonik ak Lafimen	5
C. Seri	5
D. Penti Ki Fèt Ak Plon	6
E. Mwazi	7
F. Bèt nuizib	8
G. Griy Pwoteksyon	9
H. Pòt ki fèmen poukont yo	9
I. Fuit Gaz	10
J. Recho gaz ki mache ak enèji: Kouvèti pou Bouton Fou	10
K. Asansè	11
L. Okipasyon Ilegal Sousòl ak Kav	11
NOUVO M. COVID-19	11
II. II. PLENT, VYOLASYON AK APLIKASYON	12-14
A. HPD Pwosesis pou Depoze Plent	12
B. Vyolasyon	13
C. Reparasyon Annijans	13
D. Tribinal ki Okipe Afè Lojman	13-14
E. Renouvèlman Lojman ak Kominote(HOMES AND COMMUNITY RENEWAL, HCR) ETA NEW YORK)	14
F. Pwogram Aplikasyon Altènatif (Alternative Enforcement Program, AEP)	14
G. Pwogram Dinamik pou Pwoteksyon (Proactive Preservation Initiative, PPI) (PROACTIVE PRESERVATION INITIATIVE, PPI)	14
III. ASÈLMAN	15-16
IV. RESOUS LOKATÈ	16-18
A. Kòmanse yon ka nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman	16
B. Prevansyon degèpisman	17-18
V. LÒT PWOBLEM KONSÈNAN LOJMAN	18-22
A. Apatman Lwaye Reglemante	18
B. Lwa sou Konfisyalite sou Done Lokatè	19
C. Sètifika pou Abite ak Peye Lwaye	20
D. Sekirite nan Bilding	20
E. Planikasyon pou Ijans ak Evakyasyon pou Pwopriyetè/Responsab Bilding Rezidansyèl	20-22
F. Discrimination	22
G. Sezi	22
H. Asosyasyon Lokatè	22
I. Bèt nuizib	22
VI. FÒMASYON SOU LOJMAN	23
Resous pou Moun k ap Chèche Lojman Bon Mache	23-24
I. FASON POU APLIKE POU LOJMAN ABÒDAB	23-24
II. EGZANPSYON OGMANTASYON LWAYE	24
Resous pou Pwopriyetè	25
I. SEKSYON PREZÈVASYON KATYE (NEIGHBORHOOD PRESERVATION, DNP)	25
II. PRÈ A ENTERÈ BA AK EGZANPSYON NAN TAKS	25
III. BIWO ASISTANS POU PWOPRIYETÈ	25
IV. EGZIJANS ANRAPÒ AK AKÒ RACHA	25
Kontak pou Enfòmasyon Enpòtan pou lòt pwoblèm konsènan lojman	26-27
Egzanp Pano Gid Enfòmasyon sou Lojman	28
Dat enpòtan pou sonje	29

Dwa ak Devwa Pwopriyetè ak Lokatè

Pwopriyetè ak lokatè gen devwa youn anvè lòt devan lalwa. Depatman Devlopman ak Pwoteksyon Lojman [Department of Housing Preservation and Development (HPD)] lavil New York la se youn pami anpil ajans vil ak eta ki fè aplike devwa sa yo. Ti liv sa a fèt pou ede pwopriyetè ak lokatè konprann prensip ak règleman sou lojman, epi pou ba ou enfòmasyon sou kote ou kapab jwenn asistans

PWOPRIYETÈ BILDING

Pwopriyetè yo dwe asire yo espas komen ak apatman endividyèl ki nan bilding yo an sekirite epi yo byen antretni selon Housing Maintenance Code (HMC) ak Multiple Dwelling Law a (MDL). Pami lòt responsablite yo, mèt yo dwe:

- Bay epi kenbe mezi sekirite, chalè, dlo cho ak frèt, ak bon ekleraj.
- Regle pwoblèm fuit, mwazi ak ensèk nuizib yo imedyatman epi fè enspeksyon chak ane pou verifye eta yo.
- Bay detektè lafimen, detektè monoksid kabòn, epi asire sòti apwopriye pou dife.
- Konfòme nou avèk règleman konsènan penti ki fèt ak plon ak gad fenèt yo.
- Afiche yon avi sou disponiblite *yon gid enfòmasyon* ki nan espas komen kote bilding yo a ye a (gade anndan kouvèti do a pou egzanp avi yo dwe afiche a).
- Afiche pano apwopriye nan bilding lan, ranpli dokiman apwopriye HPD, epi bay lokatè yo avi ki apwopriye yo.
- Lwe sèlman espas rezidansyèl legal pou moun viv, jan sa defini nan Sètifika okipasyon yon pwopriyete a.

- Kenbe dosye sou konfòmite avèk règleman penti ki fèt ak plon.

Pwopriyete bilding rezidansyèl ki gen twa inite rezidansyèl oswa plis pou 1–2 kay fanmi si ni pwopriyetè a ni fanmi imedyat pwopriyetè a pa rete nan bilding nan, dwe anrejistre inite a chak ane ak HPD sou nyc.gov/propertyregistration.

Si bilding se yon bilding lwaye estabilize, pwopriyetè a dwe anrejistre lwaye yo chak ane nan NYS Homes and Community Renewal (HCR) (biwo Lojman ak Renouvèlman Kominotè NYS) sou nyshcr.org.

- Pwopriyetè yo pa ka fèmen lokatè soti deyò apatman oswa otreman anmède lokatè yo pou kite yon apatman. Pwopriyetè yo ka angaje pwosedi degèpisman si lokatè yo pa respekte responsablite yo.

W ap jwenn plis detay sou tout sijè ki anwo yo nan dokiman sa a oswa lè w ale sou www.nyc.gov/hpd.

LOKATÈ

Lokatè yo ta dwe espere viv nan bilding ki an sekirite, byen antretni:

- San ensèk nuizib, fwit, mwazi ak lòt kondisyon ki kapab danjere.
- Bay sèvis debaz tankou chofaj, dlo cho, dlo frèt, ak elektrisite.
- San asèlman nan men mèt kay la ak anplwaye mèt kay la.

Lokatè ki nan inite lwaye estabilize gen dwa adisyonèl ki gen rapò ak estati sa a. Lokatè yo ka chèche konnen si yon apatman ak/oswa yon bilding te anrejistre kòm lwaye estabilize lè yo rele HCR nan **718-739-6400** oswa voye yon imèl nan rentinfo@nycshr.org.

ANTRÈ PWOPRIYETÈ A NAN YON APATMAN

Lalwa prevwa yon lokatè dwe pèmèt pwopriyetè a, oswa ajan li oswa anplwaye, antre nan apatman lokatè a oswa lòt espas ki sou kontwòl li pou l enspekte, fè reparasyon oswa pote amelyorasyon HMC oswa lòt lwa egzije. Pwopriyetè a dwe fè lokatè a konnen davans, alekri, jou ak lè li vle antre nan apatman an. Randevou a dwe ant 9am ak 5pm pandan semèn nan, sof si lokatè a dakò pou yon lòt lè oswa si gen yon ijans ki bezwen regle imedyatman. Lè reparasyon yo nesèsè akòz ijans pou evite domaj nan

Lokatè yo gen responsablite tou pou pwopriyetè bilding yo ak lòt lokatè yo.

- Yo pa ka domaje bilding nan, ni avèk entansyon yo ni akòz neglijan.
- Lokatè yo responsab pou aksyon envite yo.
- Lokatè yo dwe satisfè demann anyèl pwopriyetè pou pwoteje fenèt yo ak penti ki fèt ak plon, epi antretni detektè lafimen ak monoksid kabòn yo.
- Lokatè yo dwe swiv egzijans legal kontra lwaye yo, peye lwaye a atan, respekte dwa lòt lokatè yo, epi bay aksè pou reparasyon yo.

pwopriyete a oswa pou evite lòt moun pran chòk, tankou reparasyon tiyo gaz ki gen fuit oswa aparèy menaje, reparasyon tiyo dlo ki gen fuit, kanalizasyon ki bouche oswa ki pa bon, oswa twati ki koule, oswa eta plafon ki kraze oswa ki danjere, pwopriyetè a, ajan an, antreprenè a oswa travayè a pa gen obligasyon pou bay preyavi. Nenpòt antreprenè oswa ajan pwopriyetè a dwe kapab montre lokatè a li te gen otorizasyon pwopriyetè a pou antre epi pou fè travay nan apatman an.

Fason pou ret nan apatman ou sandanje



I. Kondisyon

Lokatè yo ka gen plizyè posiblite pou soti si kondisyon fizik nan yon bilding pa sekirite oswa pa an bon reparasyon. Lokatè yo ki nan bilding prive ki gen pwoblèm antretyen ta dwe avèti pwopriyetè a oswa responsab bilding nan dabò. Si avètisman vèbal pa rive rezoud pwoblèm nan, lokatè yo ka swete voye avi ekri pa lèt ak egzijans pou remèt yo avi resepsyon. Li enpòtan pou konsève dosye sa yo si pwopriyetè a pa pran okenn mezi pou rezoud pwoblèm nan/yo. Anplis de sa, lokatè yo ka pote plent nan vil la pou pifò plent yo lè yo rele **311**, lè yo sèvi avèk [311ONLINE](https://311online.nyc.gov/) oswa **311Mobile** epi, nan ka apatman lwaye estabilize oswa lwaye kontwole, ak Eta a.

Pou plis detay sou nenpòt nan sityasyon ki site pi ba yo, tanpri ale sou sit entènèt HPD a sou nyc.gov/hpd.

A. Chofaj ak Dlo Cho

Chofaj obligatwa soti 1ye Oktòb rive 31 me, yon peryòd yo konsidere kòm "Sezon Chofaj." Pwopriyetè bilding gen pou devwa bay lokatè yo chofaj pandan mwa sa yo jan sa dekri pi devan an:

- Lè tanperati deyò a pi ba pase 55 degre Farenayt soti 6 zè dimatè rive 10 è diswa, pwopriyetè bilding yo dwe chofe apatman yo rive 68 degre Farenayt pou pi piti. HPD ka sèlman soti vyolasyon si mèl kay la pa bay bonjan chofaj lè tanperati deyò a pi ba pase 55 degre Farenayt.
- Soti 10 è pm rive 6 è am, kèlkeswa tanperati ki gen deyò a, pwopriyetè bilding nan dwe chofe apatman yo rive omwen 62 degre.
- Pwopriyetè bilding yo dwe asire yo tou ke lokatè yo gen dlo cho 24 sou 24, 365 jou nan ane a, nan yon tanperati konstan minimòm 120 degre Farenayt.

HPD ka mande penalite pou vyolasyon chofaj nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman. Yon mèl kay ka oblije peye yon penalite sivil pou chofaj/dlo cho pou yon premye vyolasyon lè li soumèt yon pèman \$250 avèk yon Avi Koreksyon alè. Anplis de sa, apre yon twazyèm oswa nenpòt lòt enspeksyon ki vin apre ki montre yon vyolasyon chofaj nan menm sezon tèmik la (Oktòb jiska Me) oswa yon vyolasyon dlo cho nan yon ane kalandriye, HPD pral voye fakti pou yon frè \$200 pou enspeksyon an.

An jiyè 2020, HPD te mete sou pye Pwogram Detektè Chalè a ki egzije lojman plizyè pwopriyete ki gen vyolasyon chofaj ak plent ki gen rapò ak chalè pou enstale aparèy entènèt ki kapab rapòte tanperati nan chak inite lojman. HPD ap fè enspeksyon pandan sezon chalè a, san yo pa resevwa plent, pou konfòmite avèk kondisyon enstalasyon Detektè chalè a ak kondisyon pou bay chofaj ak dlo cho.

Effective October 2017

NYC
Department of
Housing Preservation
& Development

**COLD WEATHER
HEAT REQUIREMENTS**
October 1st-May 31st

DAY
6 a.m. - 10 p.m.
At least **68°F** inside

NIGHT
10 p.m. - 6 a.m.
At least **62°F** inside

Below **55°F** outside

No outside temperature requirement

Tenants without heat should file a complaint through the **NYC311 Mobile App**, calling **311 (TTY 212-504-4115)**, or online at **nyc.gov/311**

For more information, visit **nyc.gov/hpd**

Chofaj ak Dlo cho

B. Detektè Gaz Kabonik ak Lafimen

Gaz kabonik se yon gaz san odè trè toksik. An jeneral, pwopriyete yo gen pou devwa bay epi enstale yon detektè CO ki apwouve pou pi piti nan chak apatman epi bay enfòmasyon ekri sou fason pou teste yo ak antretni yo. Detektè a dwe gen yon alam moun ka tande lè li sonnen jouk nan fen dire li. Pwopriyete yo dwe enstale yon detektè CO sou yon distans 15 pye avèk antre prensipal ki nan chak chanm.

Pwopriyete dwe enstale detektè lafimen tou nan chak apatman tou.

Lokatè yo gen responsablite pou antretni toulède aparèy yo. Si yon lokatè retire detektè a oswa si li pa ranplase batri li, lokatè a dwe remete l nan eta fonksyonman nòmal li.

Pou rezon sekirite, lokatè yo ta dwe:

- Teste tout detektè yo omwen yon fwa chak mwa.
- Ranplase pil yo nan detektè omwen de fwa nan yon ane.
- Tande yon son alam lè batri a ba, epi ranplase batri a imedyatman.
- Itilize kalite batri ki rekòmande sou detektè a sèlman.
- Pa janm pase penti sou detektè yo.

Lokatè ki abite nan kategori bilding sa yo ki pa kenbe, pèdi, oswa domaje detektè a oblije:

Building Klas A (lokatè pèmanan)	Ranbouse pwopriyete bilding lan \$25 pou chak detektè lafimen ak chak detektè CO, oswa \$50 pou chak detektè konjwen lafimen/CO. Moun ki nan apatman an gen yon ane apati dat enstalasyon an pou fè yon peman.
Building Klas B (itilizasyon pasajè)	Pa oblije ranbouse mèt pwopriyete yo pou nenpòt aparèy
Lojman Prive (Kay 1-2 fanmi)	Ranbouse mèt bilding nan \$25 pou chak detektè CO. Moun ki nan apatman an gen yon ane apati dat enstalasyon an pou fè yon peman.



Detektè Gaz Kabonik ak Detektè Lafimen

C. Seri yo

KADNA DOUB SILENN AK PÒT FENÈT AK KLE

Kadna doub silenn nan pòt yo ak pòt fenèt ki fèmen ak kle ki egzije yon kle pa andedan apatman an pou debloke oswa pou aksede a eskalye sekou yo ilegal epi yo dwe retire yo.

Sizoka gen yon dife oswa yon lòt ijans, dèlè pou jwenn oswa pou itilize kle a kapab redui chans pou yon lokatè pou li deplase. Lokatè yo ka pwoteje tèt yo ak pòt fenèt legal yo, ki bloke gras ak yon sistèm vewouyaj, lè yo verifeye etikèt ak nimewo seri sou li a pou asire ke li deklare ke li te apwouve pou itilize nan Vil New York.



Seri

Penti Ki Fèt Ak Plon

Yo te lanse plan LeadFreeNYC vil New York la an janvyè 2019. Li te prezante 45 inisyativ diferan biwo Majistra kominal la ak yon kantite ajans nan vil la ap egzekite pou retire plon nan kay. Pou plis detay sou efò vil la ap fè pou l evite moun an kontak ak plon, ale sou sit entènèt LeadFreeNYC a sou: nyc.gov/leadfree

Seri fòmasyon sou entènèt "Get Ahead of Lead" HPD a, aksesib sou paj entènèt HPD ki pale de penti ki fèt ak plon nyc.gov/lead-based-paint, ka ede w aprann plis sou tout responsablite ak obligasyon anba lwa lokal 1 ane 2004 la an jan sa defini isit la.



D. Penti ki fèt ak Plon

Plon se yon metal danjere yo souvan jwenn nan ansyen penti ki ka danjere pou jèn timoun si li kreye pousyè oswa ekla penti. Jèn timoun yo ka vale pousyè penti ki fèt ak plon yo ak ekla nan rebò fenèt yo ak nan planche yo. Plon lakoz pwoblèm konpòtman ak aprantisaj lakay jèn timoun yo. Byenke NYC entèdi penti ki fèt ak plon depi 1960, ansyen bilding yo ka toujou genyen l. Pwopriyetè bilding sa yo responsab pou pwotete lokatè yo kont danje penti ki fèt ak plon. Pwopriyetè kay yo dwe idantifye epi rezoud danje ki nan penti ki fèt ak plon nan apatman yo anan zòn komen nan bilding sa yo kote gen jèn timoun, lè l sèvi avèk travayè ki resevwa fòmasyon epi ki sètifye kòm sadwa ak pratik travay ki an sekirite.

Dapre Lwa lokal 1 an, danje ki gen nan penti ki fèt ak plon egziste si:

- Bilding nan te bati anvan 1960 (oswa soti 1960 rive 1978 si pwopriyetè a konnen gen penti ki fèt ak plon ladan) epi,
- Bilding nan gen twa apatman oswa plis oswa bilding nan gen yon inite lwe nan yon kay youn oubyen de fanmi ak,
- Yon timoun ki poko gen sis lane k ap viv nan apatman an oswa pase regilyèman 10 èdtan oswa plis pa semèn.

Pwopriyetè yo dwe mande lokatè yo alekri, lè l sèvi avèk yon avi anyèl ki disponib sou sit entènèt HPD a, menm si timoun ki nan rezidans lan

gen poko gen sis lane. Si genyen, pwopriyetè yo dwe fè enspeksyon vizyèl apatman yo ak espas piblik apatman yo pou cahche si gen danje penti ki fèt ak plon omwen yon fwa pa ane.

Pwopriyetè bilding yo kapab anboche konpayi kalifye pou fè tès pou detèmine si gen penti abaz plon nan bilding yo epitou pou fè travay dinamik pou redui obligasyon ki asosye avèk penti abaz plon an. Se travayè ki fòmasyon ki dwe repare vyolasyon penti ki fèt ak plon. Y ap itilize pratik travay sekirite e ki sètifye kòm sadwa pou fè sa nan dèl lalwa ak règ HPD yo fikse. Si pwopriyetè yo ka montre pa gen penti ki fèt ak plon nan bilding nan oswa fè rediksyon lè l sèvi avèk metòd ki apwopriye ak travayè ki sètifye, epi pou yo jwenn yon Egzanpsyon HPD, lè sa a egzijans pou pran enfòmasyon nan men lokatè epi fè enspeksyon vizyèl chak ane a pap aplike.

Pwopriyetè yo ta dwe okouran de chanjman sa yo nan lwa ki baze sou danje ki nan penti ki fèt ak plon yo.

1. Dapre Lwa lokal 64 ane 2019 la, definisyon tèm "rezide" a vle di pase 10 èdtan oswa plis regilyèman chak semèn nan yon inite lojman, ki gen ladan l swa yon timoun ki abite nan apatman an oswa yon timoun ki jis ap vizite pandan peryòd tan sa a. Nouvo definisyon sa a antre an aplikasyon an janvyè 2020.
2. Tès depolisyon pou konfime ke pa gen okenn pousyè plon ki rete apre yo

fin fè travay konstriksyon yo dwe fèt chak fwa gen travay ki fèt nan yon bilding ki anba Lwa Lokal 1 an. Nivo pousyè plon pou depolisyon an nan zòn travay yo, ki montre pa gen okenn pousyè plon yo te bese nan mwa jen 2019 nan:

- Etaj: 10 mikwo-gram oswa plis nan chak pye kare
- Baz fenèt: 50 mikwogram oswa plis nan chak pye kare
- Fenèt Wells: 100 mikwogram oswa plis nan chak pye kare

Limit yo ap bese ankò nan mwa jen 2021 pou rive:

- Etaj: 5 mikwo-gram oswa plis nan chak pye kare
 - Baz fenèt: 40 mikwogram oswa plis nan chak pye kare
 - Fenèt Wells: 100 mikwogram oswa plis nan chak pye kare
3. Gen yon kantite kondisyon enpòtan pou kenbe dosye ki gen rapò ak penti ki fèt ak plon, e HPD pral kontwole plis pwopriyetè chak ane. Gen sanksyon sivil enpòtan ki ka enpoze paske mal kenbe dokiman sa yo pou 10 lane.
 4. Lwa lokal 31 ane 2020 an, ki efektif nan mwa out 2020 e ki bay senk ane pou konfòme konplètman ak egzijans yo, etabli yon nouvo kondisyon pou teste tout inite lokasyon nan bilding ki te bati anvan 1960 yo pou prezans penti fèt ak plon lè avèk sèvis yon enspektè

oswa yon evalyatè risk endepandan sètifye pa Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA) pou detekte prezans penti ki fèt ak plon an out 2025 pou pita. Si yon timoun ki poko gen sis lane vin rezide nan yon inite, tès la dwe fèt nan lespas 1 an oswa nan dat limit 9 out 2025 pou pita, pi bonè se granm maten. Yo dwe bay lokatè yo rezilta yo. Si pa gen okenn penti ki fèt ak plon nan yon inite OSWA yon pwopriyetè te byen elimine plon an lè li retire sa oswa li anfème li jan sa endike nan lwa a, mèt kay la ta dwe aplike pou yon Egzanpsyon nan anpil nan kondisyon ki nan lwa lokal yo lè li ranpli yon aplikasyon Egzanpsyon nan HPD.

5. Pwopriyetè bilding ki la anvan 1960 yo oblije pran mezi tou pou elimine ak/

oswa repare penti ki fèt ak plon sou kèk sifas chak fwa yon y ap vire yon apatman ak anvan nouvo lokatè a vin okipe espas la. An 2021, jan li aplike nan Lwa lokal 28 ane 2020 an, HPD pral elaji ranfòsman kondisyon woulman yo pandan ankèt ajans lan nan kay ki gen danje ki gen rapò ak plon.

PWOPRIYETÈ RESOUS

- Pou enfòmasyon sou fòmasyon gratis sou reparasyon kay san danje plon, tanpri rele Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (DOHMH) nan **212-226-5323**. Gade seksyon ki pale sou prè ak sibvansyon ki disponib pou pwopriyetè yo nan Gid la, kèk ladan yo espesyalman adrese penti ki fèt ak plon. Pou echantiyon fòmilè ak enfòmasyon vizite HPD nyc.gov/lead-based-paint.

- Ou pa bezwen anboche yon pwofesyonèl pou mennen ankèt vizyèl anyèl ou a. Sepandan, HPD rekòmande ak tout fòs li pou nenpòt moun ki fè ankèt sa a pase fòmasyon evalyasyon vizyèl sou entènèt yo ofri nan Depatman federal pou Lojman ak Devlopman lben an nan <https://apps.hud.gov/offices/lead/training/visualassessment/h00101.htm>.

LOKATE

Lokatè yo ta dwe rapòte penti k ap dekale nan yon apatman ba pwopriyetè a. Si pwopriyetè a pa rezoud pwobèm penti k ap dekale a oswa si travay k ap fèt fason ki pa sekiriyè (pa egzanp, sa bay pousyè ki pa kontwole), lokatè yo ta dwe rele nan **311**. Pwopriyè Lokatè yo ka rele nan **311** pou aprann fason pou anpeche anpwazònman ak plon, chèche konnen ki kote

pou fè tès pou pitit ou, jwenn enfòmasyon sou gwosès ak plon, oswa mande bwochi ak materyèl sou prevansyon kont anpwazònman ak plon.

Lokatè yo gen obligasyon pou:

- Ranpli ak retounen fòm Avi Anyèl konsènan penti abaz plon ou resevwa nan men pwopriyetè a.
- Enfòmè mèt kay la alekri si yon timoun ki poko gen sizan vin abite avèk ou, pase regilyèman 10 èdtan oswa plis pa semèn avèk ou, oswa si ou gen yon ti bebe.

Lokatè yo ta dwe:

- Lave planche, rebò fenèt, men, jwèt ak souson souvan.
- Fè doktè ou sonje fè tès pou anpwazònman plon pou pitit ou nan laj en ak dezan.

E. Mwazi

Mwazi kapab lakòz reyaksyon alèjik, iritasyon, oswa li kapab deklanche opresyon sou kèk moun. Mwazi bezwen dlo oswa imidite pou grandi, poutèt sa li enpòtan pou pwopriyetè bilding yo repare fuit dlo yo san pèdi tan.

Lokatè ka itilize vatilatè oswa ouvri fenèt epi netwaye sifas yo souvan pou ede evite mwazi devlope anndan twalèt oswa anndan kizin. Lokatè yo ta dwe rapòte fuit ak siy kwasans mwazi bay pwopriyetè bilding yo. Si reparasyon yo pa fèt, rele nan **311**.


Netwayaj mwazi ka egzije entèvansyon antreprenè lisansye; pwopriyetè ak lokatè li plis sou egzijans sa yo sou sit entènèt HPD a, nyc.gov/hpd oswa vizite sit entènèt DOHMH nan nyc.gov/doh.

KOZ

Pwogram Koz la pèmèt HPD bay yon lòd administratif pou pwopriyetè bilding rezidansyèl yo pou korije kondisyon anba-anba yo ki te lakòz, oswa ki oswa ki lakòz, fwit ak kondisyon mwazi.

HPD seleksyone bilding pou yo patisipe nan pwogram nan chak ane selon kantite apatman mwazi ak fuit

afekte epi kantite ak gravite vyolasyon yo. Pwopriyetè bilding yo gen obligasyon pou fè ankèt sou kòz kondisyon fuit oswa mwazi ki afekte anpil apatman ki nan yon bilding epi pou rezoud kondisyon yo ak vyolasyon asosye yo nan kat (4) mwa. HPD ka ale lajistis avèk pwopriyetè ki pa konfòme yo nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman. Sanksyon sivil la se \$1,000 dola pou chak inite lojman avèk yon minimòm \$5,000 dola.



Mwazi



Bèt nuizib

F. Bèt nuizib

Ravèt, sourit ak rat ka reprezante danje pou moun ki gen pwoblèm respirasyon, tankou opresyon. Premye etap nan elimine bèt nuizib se elimine alimentasyon manje yo ak alimentasyon dlo yo. Ou kontwole ravèt ak sourit pi byen lè ou bouche twou ak fant, netwaye pou pou animal domestik epi itilize pestisid ki pa prezante okenn danje. Pwopriyetè bilding yo ta dwe travay avèk antreprenè ekstèminasyon yo pou idantifye lè gen anpil bèt nuizib nan apatman yo ak fason pou elimine yo. Pwopriyetè yo kapab fè bilding yo reziste kont bèt nuizib yo. Pou fè sa, yo kapab repare fuit yo, epi yo kapab mete poubèl anplas. Lokatè yo kapab bay èd lè yo kite manje ak fatra yo kouvri, ak lè yo redui kantite fatra yo.

Pou aprann plis sou ensèk nuizib, gade DOHMH Kontwole ensèk nuizib san danje sou www.nyc.gov/doh.

PINÈZ

Pinèz se ensèk koulè wouj wouj ki kapab grandi pou rive gwo nan yon grenn pòm.

Pinèz bwè san moun, men yo pa bay maladi. Anpil pinèz kapab simaye pami apatman yo lè pinèz yo pase nan ti twou oswa fant ki nan miray yo ak planche yo. Sekrè pou evite anwayisman pinèz se detekte yo bonè. Pou plis enfòmasyon sou pinèz, sou deteksyon ak enfòmasyon sou jan ou ka trete pinèz, pran kou gratis "Kontwòl Pinèz" (Bedbug Management) HPD a sou entènèt ann anglè ak ann espanyòl sou nyc.gov/hpd oswa vizite DOHMH sou www.nyc.gov/doh.

Lalwa Eta New York egzije pou pwopriyetè yo anboche sèlman pwofesyonèl ekstèminasyon ki resevwa lisans Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York pou trete apatman yo pou pinèz.

Pwofesyonèl lit kont parazit la ta dwe fè enspeksyon pou konfime prezans pinèz kabann, lokalize kachèt yo, trete apatman an avèk pwodui netwayaj oswe pestisid epi fè suivi pou l asire l pa gen pinèz ankò.

Lè yon moun rele nan **311** pou l rapòte prezans pinèz, operatè **311** ka mande moun ki rele a si l ap aksepte HPD vini avèk yon chen ki antrene pou pran sant pinèz pou patisipe nan yon enspeksyon. Si lokatè a pa aksepte chen an, yon enspektè HPD ap fè yon enspeksyon vizyèl. N ap bay avi pou vyolasyon si Enspektè a kapab wè epi konfime prezans pinèz vivan. Anpil vyolasyon pou pinèz nan yon bilding ka lakòz aplikasyon lalwa yon fason ki pi sevè.

Pwopriyetè yo dwe rapòte enfòmasyon sou ensidan pinèz nan bilding yo elektwonikman bay HPD chak ane sou <https://hpdcrmportal.dynamics365portals.us/bedbugs/> pandan mwa desanm.

G. Griy Pwoteksyon

Chak ane, jèn timoun yo pran chòk oswa yo mouri lè yo tonbe nan fenèt ki pa pwoteje. Nou kapab evite lanmò ak chòk sa yo.

Lalwa egzije pwopriyete kay yo pou yo voye yon avi chak ane bay lokatè ki nan lojman miltip yo (bilding ki gen twa oswa plis apatman) konsènan griy pwoteksyon yo. Lwa a egzije pwopriyete yo tou pou yo griy pwoteksyon epi pou enstale yo kòm sadwa sou tout fenèt ki nan tout apatman kote gen yon timoun ki gen laj 10 zan oswa mwens k ap viv ladan, ak twalèt ki nan premye etaj yo, fenèt ki mennen nan yon balkon oswa teras, ak fenèt ki nan chak zòn komen sou nenpòt etaj. Eksepsyon nan lwa sa a


se fenèt ki louvri sou yon eskalye sekou, ak fenèt ki nan premye etaj la ki oblije gen yon dezyèm pòt pou soti, paske pòt pou soti sizoka gen dife kòmanse nan dezyèm etaj la.

Si lokatè oswa moun ki nan apatman an vle gri pwoteksyon fenèt pou kèlkeswa rezon an, menm si pa gen timoun ki gen mwens pase 10 lane, lokatè a ka ekri pou mande gri pwoteksyon fenèt epi pwopriyete a dwe enstale yo. Pa egzanp, moun ki nan apatman an ki gen pitit pitit ki vin vizite yo, paran ki asire siveyans timoun yo ak moun ki bay sèvis gadri timoun ka swete mande gri pwoteksyon fenèt.

Lokatè yo ta dwe rele nan **311** si pwopriyete a pa enstale griy pwoteksyon ki yo mande a oswa si yo sanble pa solid oswa si yo sanble mal enstale, oswa si gen plis pase kat (4) pous edmi espas ki pa pwoteje nan ouvèti fenèt la.

Lokatè yo pa ta dwe retire oswa devise gri pwoteksyon fenèt yo pou nenpòt ki rezon, tankou pou enstale èkondisyone. Sit entènèt Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la (nyc.gov/doh) kapab bay lòt enfòmasyon sou:

- Avi anyèl yo
- Egzijans enstalasyon pou griy pwoteksyon fenèt
- Divèjans



Fenèt Griy

H. Pòt ki fèmen poukont yo

Pòt ki fèmen poukont yo nan apatman yo ak nan koulwa piblik yo se yon eleman enpòtan nan sekirite kont dife.

Pòt ki fèmen poukont yo ta pa ta dwe janm bloke epi yo ka ede kenbe yon dife pou l pa pwopaje nan bilding.

Nan tout kalite apatman miltip, pòt sa yo dwe kapab fèmen poukont yo:

- Pòt antre bilding nan
- Pòt antre apatman an
- Pòt eskalye ensandi
- Pòt tou ensandi
- Pòt klwazon
- Pòt plaka devèswa fatra

- Lòt pòt ki mennen nan sal/eskalye piblik (espas komèsyal bilding, espas garaj, eksetera.)



Pòt ki fèmen poukont yo



Fuit Gaz

I. Fuit Gaz

Fuit gaz ka kreye ensandi ak eksplozyon. Li enpòtan pou ou menm ak fanmi w konnen jan pou nou rekonèt yon fuit gaz ak sa pou nou fè si nou sispèk yon fuit. Rekonèt yon fuit gaz gras:

Odè—Yon odè diferan, fò sanble ak sant ze gate

Sa w ka wè—Yon nyaj blanch, bwouya, ti boul nan dlo poze, pousyè k ap leve, oswa plant ki parèt mouri oswa k ap mouri san rezon

Son—Gwondman oswa sifleman

Pwopriyetè yo ap oblije afiche pano epi bay lokatè yo enfòmasyon sou sa yo sipoze fè si yo sispèk yon fuit gaz.

Nenpòt moun ki sispèk yon fuit gaz ta dwe:

1. Louvri pòt ak fenèt ki tou pre vit epi kite bilding nan tousuit; pa eseye chèche jwenn kote fwit la ye. Pa limen okenn aparèy elektrik, pa fimen oswa limen alimèt oswa brikè, epi pa itilize yon telefòn kay oswa telefòn selilè andedan bilding nan;

2. Apre ou fin kite bilding lan epi ou nan yon bon distans ak bilding nan kote w sekirite, rele **911** imedyatman pou ou deklare ou sispèk yon fuit gaz;

3. Lè ou fin rele **911**, rele founisè sèvis gaz bilding sa a.

Se toujou yon plonbye lisansye ki ta dwe retabli gaz. Pou enfòmasyon sou etap sa yo nan restorasyon, mèt pwopriyete a ka vizite www.nyc.gov/hpd epi chèche **Gaz**.



Kouvèti pou Bouton Fou

J. Recho gaz ki mache ak pisans: Kouvèti pou Bouton Fou

Pwopriyetè yon bilding ki gen plizyè apatman nan lwaye dwe bay kouvèti pou bouton fou ki sèvi ak gaz kote lè pwopriyetè a konnen oswa ta sanse konnen gen yon timoun ki gen mwens pase sis (6) lane k ap viv la. Moun ki nan kay la ka ekri pwopriyetè a pou refize kouvèti bouton fou yo. Pwopriyetè yo dwe bay apatman ki pa gen timoun mwens pase sis (6) lane kouvèti pou bouton fou tou si lokatè mande. Anplis,


chak ane pwopriyetè an gen pou devwa bay lokatè yo yon avi ki pale de redevans pwopriyetè jan lalwa mande sa.

I. Asansè

Divizyon Asansè (Elevator Division) Depatman Konstwiksyon Vil New York (NYC Department of Buildings) sipèvizite itilizasyon ak operasyon asansè yo nan bilding Vil New York yo lè avèk aplikasyon Kòd Konstwiksyon Vil New York ak lòt prensip. Rele nan **311** oswa ale sou entènèt pou depoze

plent pou yon asansè ki pa mache byen.

Si yo pa rezoud yon vyolasyon ki konsène asansè ki reprezante yon danje imedya nan peryòd tan DOB egzije a, HPD ka chèche korije sityasyon an avèk Pwogram Reparasyon ljan li a oswa avèk lòt mekanis egzekisyon.



Asansè



Lè Moun Abite Ilegalman nan Sousòl ak Kav Kay

L. Okipasyon Ilegal Sousòl ak Kav

Sousòl ak kav kay se espas ki diferan anpil e yo gen diferan itilizasyon. Yon sousòl se yon balkon ki nan yon bilding sitou anba nivo twotwa a men avèk omwen mwaye wotè li anwo nivo twotwa a. Yon kav kay se yon espas fèmen ki gen plis pase mwaye wotè li anba nivo twotwa a. Sousòl ak kav pa dwe okipe sof si kondisyon yo satisfè kondisyon minimòm pou limyè, lè, sanitasyon ak

evakyasyon epi Depatman Bilding Vil la te apwouve yo. Li pap JANM legal pou yo lwe kav nan kay youn ak plizyè fanmi.

Pwopriyete ki konvèti sousòl ak kav ilegalman ka tonbe anba sanksyon sivil ak penal.

Moun ki nan sousòl ak kav apatman ilegalman yo ap kouri danje posib tankou anpwazònman ak gaz kabonik, ekleraj ak ayerasyon

ki pa apwopriye, ak pòt soti ki pa apwopriye sizanka gen yon dife.

Vil la ka mande pou okipan yo soti oswa kite nenpòt nan apatman sa yo.

Yo ofri lokatè ki soti yo Sèvis ljan pou Lojman pa mwayen HPD.

M. COVID-19

Akoz enpak san parèy COVID-19 sou Vil New York, Vil New York ak HPD devlope yon lis resous pou nenpòt moun k ap chèche asistans. Pou resous lojman ak dènye sèvis HPD yo, tanpri vizite paj entènèt COVID-19 Updates la sou www.nyc.gov/hpd.



COVID-19



II. Plent, Vyolasyon ak Aplikasyon

Enskripsyon pwopriyete a obligatwa chak ane pou tout bilding rezidansyèl ki gen 3 inite rezidansyèl oswa plis pou 1-2 kay fanmi si ni pwopriyete a ni fanmi imedyat li pa rete nan bilding nan. Enfòmasyon sou enskripsyon yo sèvi pou kontakte mèt pwopriyete yo sou plent HPD resevwa ak vyolasyon ki soti nan HPD, ansanm ak pa lòt ajans vil yo ta dwe ijans rive nan yon pwopriyete. Pou plis detay sou jan pwopriyete ka enskri, pwopriyete a dwe ale sou www.nyc.gov/hpd epi chèche **Anrejistremant Pwopriyete**. Nou ankouraje pwopriyete kay yo bay enfòmasyon sou imèl ak kontak pou asire kominikasyon ki pi rapid e ki pi dirèk nan ajans lan.

A. Pwosesis HPD pou Plent

Lokatè yo ka depoze plent nan HPD lè yo rele 311, lè yo itilize TTY **212-504-4115** oswa itilize: **311** sou entènèt (nyc.gov/311) 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Lokatè yo ka pote plent konsènan chofaj ak dlo cho tou sou **311** lan.

Aprè yon lokatè fin pote yon plent nan **311** sou kondisyon yon lojman, 311 transfere plent lan bay HPD. Yo rele epi/oswa ekri pwopriyete anrejistre a pa imel pou enfòmasyon. Notifikasyon an fèt pou konseye pwopriyete pwoblèm nan sèlman, epi li pa janm fèmen plent lan. (Nòt pou pwopriyete: si ou pa anrejistre kòrèkteman, ou ka rate avètisman enpòtan PHD sa a!) Ou ka rele lokatè a tou pou konfime si sityasyon an te korije. Si lokatè a pa konfime sityasyon an korije, yo ka depeche yon enspektè.

Anplis repons HPD ap bay plent lan, l ap toujou fè enspeksyon pou nèt pwoblèm sekirite:

- Prezans detektè lafimen ki fonksyone yo.
- Prezans detektè gaz kabonik ki fonksyone.
- Gri ilegal nan fenèt yo.
- Seri pòt ki bezwen yon kle pou ouvri anndan.
- Gri pwoteksyon si gen yon timoun ki poko gen 11 lane ki rete nan apatman an.
- Pòt antre apatman ki fèmen otomatikman
- Penti k ap dekalè si gen timoun ki poko gen laj sizan k ap viv nan apatman an.
- Mwazi.
- Sourit, ravèt ak rat.



B. Vyolasyon

Si enspektè HPD yo bay avi vyolasyon, dèlè y ap bay pwopriyetè a pou l korije vyolasyon sa yo ap depann de gravite yo. Ou kapab wè tout vyolasyon ouvè konsènan yon bilding sou sit entènèt HPD a sou [HPDONLINE](https://www.nyc.gov/hpd). HPD ap poste yon Avi sou Vyolasyon sou adrès pwofèsyonèl ajan ki anrejistre a nan HPD (oswa bay mèl kay la dirèkteman si pa gen okenn ajan k ap jere l). Si mèl kay la te bay yon imèl ak Enskripsyon Pwopriyete yo, HPD pral imèl enfòmasyon sou vyolasyon yo bay mèl kay la tou. Vyolasyon anrapò ak chalè ak dlo cho pou afiche nan bilding nan nan moman enspeksyon an. Kòd Antretyen Lojman an gen twa klas vyolasyon kòd: A, B ak C.

Klas Vyolasyon	Kalite	Dèlè pwopriyetè a genyen pou l potekoresyon apati lè li resevwa avi a avan amand yo kòmanse ogmante.
Klas A	Ki Pa Danjere	90 jou
Klas B	Danjere	30 jou
Klas C: Penti ki fèt ak plon, Gri Sekirite Fenèt, Mwezi, Sourit/Ravèt ak Rat	Danjere Imedyatman	21 jou
Klas C: Vyolasyon nan chofaj ak dlo cho	Danjere Imedyatman	Imedyatman
Klas C: (tout IoT)	Danjere Imedyatman	24 èdtan

Depi yon sityasyon vyolasyon korije, se devwa pwopriyetè pou l itilize pwosesis sètifikasyon pou l enfòm HPD sityasyon an korije. Pwopriyetè/Ajan ki anrejistre nan moman an kapab sètifika elektwonik pou sètifye oswa ranpli dokiman vyolasyon yo te voye ba pwopriyetè a pa lapòs pou l sètifye koreksyon vyolasyon. Pou pwopriyetè a ka jwenn plis enfòmasyon sou sètifikasyon elektwonik lan, li ka ale sou entènèt sou entènèt nan www.nyc.gov/hpd.

Si pwopriyetè a pa korije vyolasyon yo sa ka lakòz li tonbe anba sanksyon sivil Tribinal ki Okipe Afè Lojman ap enpoze sou li. Pou jwenn plis enfòmasyon sou amand ak frè enspeksyon, ale sou www.nyc.gov/hpd.

D. Reparasyon Annijans

Si mèl kay la pa korije vyolasyon klas C yo, Vil la ka fè yo oswa angaje yon reparasyon ijans pou korije vyolasyon an sou kont mèl kay la. Minisipalite Vil la anba lwa ki reglemante acha, kontra, salè, ak lòt bagay ki ka fè travay sa yo koute pi chè pase pri pwopriyetè a ta kapab jwenn si li fè travay la oswa si li te bay kontra pou fè l.

Minisipalite a ap fè Depatman Finans voye bòdwo bay pwopriyetè a pou depans travay la plis frè ak/oswa depans pou voye yon antreprenè eseye fè reparasyon yo. Si pwopriyetè a pa peye, chaj la ap vin yon dwa privilèj fiskal kont pwopriyete a. Dwa privilèj fiskal la ap gen enterè epi yo ka vann li epi/oswa mete li nan sezi-ipotèk pou touche lajan pwopriyetè a dwe a.

D. Tribinal ki Okipe Afè Lojman

Depatman Litij Lojman nan HPD a pote ka devan Tribinal ki Okipe Afè Lojman pou l chache òdonans tribinal la pou koreksyon sityasyon ak amand sivil si sa nesèsè. HLD ap chèche koreksyon nan vyolasyon chofaj ak dlo cho, depoze dosye k ap chèche restorasyon sèvis gaz, e kote gen anpil vyolasyon danjere nan yon bilding, HLD ka depoze yon dosye konplè k ap chèche koreksyon pou tout vyolasyon nan bilding lan ak penalite sivil ki apwopriye yo. HLD ka chèche sanksyon sivil tou nan ka kote yon pwopriyetè mal sètifye koreksyon vyolasyon yo epi li ka lage manda aksè pou pèmèt HPD korije vyolasyon danjere imedyatman lè pwopriyetè pwopriyete a te refize HPD. An plis koreksyon vyolasyon HLD pral mande yo, li ka mande pou aplikasyon òdonans tankou Òdonans pou fè Reparasyon/Òdonans pou Kite kay, oswa Òdonans Ajans Aplikasyon oswa Pwogram Kondisyon ki Alabaz bay. HLD tou ka depoze yon dosye k ap chèche randevou a nan yon 7-A administratè si yon pwopriyetè pwopriyete konplètman echwe pou pou kenbe yon pwopriyete ak kondisyon ki nan yon bilding yo danjere nan lavi, sante, ak sekirite lokatè yo.





Tribinal ki Okipe Afè Lojman se deba kote pwopriyetè bilding yo ak lokatè yo rezoud anpil nan konfli legal yo tou. Lokatè ki nan bilding prive ki gen pwoblèm antretyen apatman yo oswa ki viktim asèlman pwopriyetè bilding nan ka fè aksyon legal nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman. Aksyon an rele yon Aksyon Lokatè oswa yon Aksyon HP. Lè lokatè yo ale nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman, y ap jwenn èd pou prepare yon Lòd pou Montre Rezon Valab (Order to Show Cause) epitou pou yo jwenn yon dat pou yo prezante nan tribinal. Lè lokatè a depoze yon dosye HP, yo pral pèmèt lokatè a ranpli yon fòm demann enspeksyon pou yo ka jwenn yon enspeksyon kondisyon yo anvan dat Tribinal la. Lokatè o resevwa enstriksyon sou fason pou yo bay Lòd pou Montre Rezon Valab (Order to Show Cause) pou pwopriyetè a ak HPD. Nan dat pou retounen nan tribinal la, lokatè a ak pwopriyetè a ap jwenn yon okazyon pou prezante pwendvi yo avèk yon avoka HPD k ap la. Si jij la kwè gen vyolasyon nan bilding nan, jij la ka bay lòd pou pwopriyetè a korije vyolasyon yo nan yon sèten kantite tan. Si pwopriyetè a pa konfòme li avèk lòd la, lokatè a ka retounen nan tribinal la pou chèche sanksyon sivil oswa pou mank respè pou tribinal la. Jij la ka bay sanksyon kont pwopriyetè ki refize repare vyolasyon yo apre li bay lòd pou korije yo. Lè yo depoze yon dosye HP se yon fason ki pi bon ak pi rapid pou rezoud pwoblèm lojman epitou pou pwoteje dwa ou olye ou pa peye lwaye a, ki ka lakòz ou anba degèpisman. Pou pi byen konprann dwa w yo, ou ta dwe chèche konsèy legal. Ou ka jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn sèvis jiridik nan seksyon Resous Lokatè nan ti liv sa a.

E. Renouvèlman Lojman ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York

Anplis rele HPD pou rapòte vyolasyon kòd yo, lokatè ki nan apatman ki gen pri lwaye kontwole yo ki gen pwoblèm avèk eta bilding yo ka kontakte HCR pou fè plent yo. Apre HCR fin jwenn evidans nan men pwopriyetè ak lokatè, li ka bay yon lòd ekri ki ka bese lwaye poutèt manksèvis.

Lokatè yo kapab rele nan **718-739-6400** oswa voye yon imel nan rentinfo@nyshcr.org.

Lokatè reglemante yo ka ranpli yon fòmilè ki dekri kondisyon sèvis diminye yo, tankou mank gaz oswa chofaj oswa rediksyon nan sèvis janitorial oswa kondisyon andedan apatman, sou sit entènèt HCR la: <http://www.nyshcr.org/Forms/Rent/>.



F. Pwogram Aplikasyon Altènatif (Alternative Enforcement Program, AEP)

Pwogram Aplikasyon Altènatif la se yon pwogram egzekisyon amelyore. HPD idantifye anpil bilding ki sekwe (kritè yo nan lwa a) pou atansyon espesyal, tankou enpozisyon frè, emisyon Lòd pou Korije, ak otorizasyon pou ranplase sistèm bilding yo si pwopriyetè a pa aji. Chak ane, HPD chwazi 250 lojman miltip diferan pou patisipe nan AEP a. Pwopriyetè bilding yo kapab evite AEP si yo korije epi sètifye vyolasyon yo a tan. Tou de mèt pwopriyetè yo ak lokatè yo pral avèti si yo chwazi bilding yo a pou AEP.

G. Pwogram Dinamik pou Pwoteksyon (Proactive Preservation Initiative, PPI)

Proactive Preservation Initiative (PPI) HPD se yon apwòch agresif pou idantifye ak jere kondisyon fizik medyòk nan bilding plizyè fanmi yo anvan yo rive nan yon eta ki mete sante ak sekirite rezidan yo an danje epi ki menase kalite katye ki ozantou a. Atravè PPI a, HPD idantifye bilding ki gen pwoblèm prevantif yo epi li bay mèt kay yo zouti oswa ankourajman pou adrese pwoblèm kalite lojman. Chak ane, HPD ap evalye bilding ki nan move eta avèk objektif pou mete yo sou wout pou yo vin estab. HPD ap fè sondaj sou bilding yo pou evalye bezwen yo, epitou y ap fè efò san pran souf pou ede pwopriyetè yo rezoud pwoblèm bilding ki arisk yo. Nan bilding ki montre gwo detrès fizik, Biwo Ranfòsman Pwoaktif HPD ap fè enspeksyon sou do kay pou kav. Pou bilding ki gen move eta ki pa ijan yo, HPD ap imajine estrateji ki apwopriye ak adapte pou ede asire kondisyon yo amelyore. Aksyon yo ka gen ladan yo bay prè reparasyon a pri ki ba, konsèy finansye ak referans, ansanm ak aksyon ki pi agresif ki gen rapò ak Antretyen Lojman Kòd ranfòsman ak litij.

III. Asèlman

Li ilegal pou yon pwopriyetè fè asèlman kont lokatè yo pou degèpi yo nan apatman yo, oswa pou yo abandone dwa yo. Kèk egzanp se kapab:

- Pa ofri kontra lwaye oswa renouvelman kontra lwaye, oswa toujou ap eseye peye ou pou kote kay ou oswa pou abandone dwa ou (“yon racha”).
- Ofri ou yon racha:
 - Lè l ap menase ou, entimide w oswa di w mo sal.
 - Lè li kontakte w nan travay ou san ou pa t ba l pèmasyon ekri.
 - Lè li ba ou fo enfòmasyon konsènan òf racha a.
- Lè li kontakte ou sou yon racha si li pa ba ou enfòmasyon pi ba yo alekri:
 - Bi yo kontakte w la epi se nan non pwopriyetè a yo kontakte w.
 - Ou kapab refize òf la epi kontinye viv nan kay ou.
 - Ou gen dwa pou chèche konsèy yon avoka epi ou ka chèche enfòmasyon sou sitwèb HPD konsènan sèvis legal yo.
 - Si ou ekri pwopriyetè a pou ou enfòm l ou ba vle yo kontakte w pou okenn òf racha, pwopriyetè apa kapab kontakte sous a pandan 180 jou sof si ou ekri l avan sa pou ou fè l konnen ou enterese diskite sou racha avè l oswa sof si tribinal la pèmèt li diskite sou racha a avèk ou.
- Kontakte ou sou yon òf racha anvan 180 jou yo, apre ou fin ekri pwopriyetè pou ou avize l ou pa vle yo kontakte sou sa.
- Avi pou degèpisman ki pa jistifye oswa fèmti ilegal apatman an.
- Menas ak entimidasyon, tankou apèl nan telefòn byen ta lanwit ki gen ladan apèl nan telefòn ankouraje w oswa mande w deplase kite kay ou a oswa renonse dwa w yo.
- Reklame twòp lajan pou apatman lwaye regilye.
- Pa bay reparasyon oswa sèvis piblik ki nesèsè.
- Fè espere sa ki lakòz pwoblèm ki gen pou wè ak konstriksyon pou lokatè, tankou travay apre èdtan, bloke antre, oswa li pap retire pousyè twòp ak debri.
- Egzije ou chèche, resevwa, oswa sispann soumèt tretman medikal yon fason ki pa apwopriye.

Pou asistans ak referans nan sèvis legal pou nenpòt nan kondisyon ki pi wo yo, lokatè yo ta dwe kontakte Biwo Majistra a pou Pwoteje Lokatè yo nan www.nyc.gov/tenantprotection oswa lè w rele 311.

Yo dwe rele Inite Anti-Asèlman Lokatè HPD a [HPD's Tenant Anti-Harassment Unit (TAHU)] nan 311 pou deklare ni sityasyon antretyen yo ni asèlman reparasyon oswa sèvis nesèsè pwopriyetè a pa bay la lakoz. 311. AHU ap eseye kontakte lokatè epi/oswa fè enspeksyon pou reponn plent sa yo.

Lokatè ki nan apatman ki gen pri lwaye kontwole oswa pri lwaye estabilize epi ki kwè pwopriyetè yo ap asele yo ka kontakte HCR. HCR aplike lwa sou lojman nan apatman ki gen pri lwaye kontwole epi yo ka enpoze amann kont pwopriyetè yo jwenn ki koupab pou asèlman. Gen enfòmasyon disponib sou nyschr.org oswa 1-866-ASK-DHCR (1-866-275-3427).

Lokatè yo ka kontakte Biwo Defansè Lokatè (OTA) nan Depatman Bilding yo nan (212) 393-2949 oswa TenantAdvocate@buildings.nyc.gov. Biwo sa a sèvi yon resous pou lokatè ki afekte akòz travay konstriksyon k ap fèt nan bilding ki gen plizyè apatman.



Lokatè yo ka gen rezon pou pousuiv pwopriyetè a nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman si gen asèlman. Lokatè yo ka vle konsilte avèk yon avoka oswa yo ka vle pran yon avoka anvan yo kòmanse nenpòt pwosè. Gade paj anvan dokiman sa a pou enfòmasyon sou asistans legal gratis a pri ki ba oswa kontakte òganizasyon lojman lokal ou a, konsèy kominotè a oswa dirijan eli a. Yo ta dwe rapòte sityasyon danje ki kreye (tankou konstriksyon ki reprezante danje) oswa mank sèvis (tankou pa gen chofaj/dlo cho oswa si yo retire twalèt san yo pa ranplase yo a tan) pa mwayen **311**. Lè sa a, lokatè yo ka itilize rapò sou plent sa a, ak nenpòt ki vyolasyon ki vin apre ke yo ba yo, pou kore swa yon pwosè nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman oswa HCD.

Lokatè ka pote plent imel nan Gwoup Travay Prevansyon Asèlman sou Lokatè a nan THPT@hpd.nyc.gov si asèlman an fèt sou fòm konstriksyon oswa mank sèvis debaz yo. Gwoup Travay la se yon kolaborasyon HPD, Depatman Konstwiksyon Vil New York, Biwo Pwokirè Jeneral NYS la, ak NYS Homes and Community Renewal. Selon nesosite a, THPT ka fè enspeksyon jwenti, soti yon òdonans vyolasyon, epi kòmanse lòt aksyon ranfòsman.

An 2018, HPD te lanse Pwogram Pilòt Sètifika kont Asèlman (CoNH), ki vize bilding ki gen gwo nivo detrès ak chanjman pwopriyetè nan sèten distri kominotè, rezilta asèlman, tout òdonans evakyasyon, ak patisipasyon aktif nan Pwogram Aplikasyon Altènatif HPD a nan bilding yo nan tout vil la. Pwopriyetè bilding sa yo dwe jwenn yon CoNH anvan yo jwenn apwobasyon pou sèten pèmi nan Depatman Bilding ki enplike demolisyon oswa chanjman nan itilizasyon oswa lokatè. Nouvo zouti sa a valab pou plis pase 1 000 bilding nan katye ki gen anpil risk yo. Si ou abite nan yon bilding CoNH (swa ki gen rapò ak pwogram pilòt ki mansyone pi wo a oswa de lòt pwogram CoNH ki egziste deja) epi mèt pwopriyetè a aplike pou yon CoNH, ou pral resevwa yon avi nan men HPD oswa yon òganizasyon HPD ki gen kontra k ap chèche kòmantè ou sou asèlman nan bilding lan.

Si ou santi ou menase pa rapò ak sityasyon imigrasyon w, tanpri rele liy dirèk Imigrasyon Eta New York la nan Biwo NYS pou Nouvo Ameriken (NYS Office for New Americans) sou **1-800-566-7636** epi y ap mete w an kontak avèk òganizasyon ki la pou ede ou.

IV. Resous Lokatè

A. Kòmanse yon ka nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman

Lokatè yo kapab chwazi kòmanse aksyon an jistis oswa chèche asistans HCR kont pwopriyetè ki pa korije kondisyon yo, oswa pou asèlman. Lokatè ka pote ka sa yo devan HCR pou jwenn asistans atravè founisè sèvis legal sa yo:

- The Legal Aid Society 212-577-3300
- Legal Services NYC: 917-661-4500
- Urban Justice Center (Sant Jistis Iben) 646-459-3017
- Fè 311 pou plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/311 oswa nyc.gov/hpd.

Epitou liy dirèk Repons Tribinal ki Okipe Afè Lojman bay enfòmasyon sou pwosedi Tribinal la, règ ak règleman pou pwopriyetè/lokatè, aplikasyon kòd lojman lè gen vyolasyon, referans pou èd legal gratis, ak referans nan òganizasyon kominotè ki bay èd avèk pwoblèm lojman. Yo louvri soti 9è am rive 5è pm, soti lendi rive jedi, epi ou ka kontakte yo sou **212-962-4795**.

B. Prevansyon degèpisman

Pwosedì Degèpisman Lè Lokatè Pa Peyè Lwaye: Sèl fason legal pou degèpi yon lokatè ki pa peye lwaye se avèk yon pwosedì nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman pou lè lokatè pa peye lwaye. Pwopriyetè bilding yo dwe voye avi ba lokatè ki anreta nan peman lwaye yo, ki kantite lajan ki nan balans yo dwe a, epi, si lokatè a pa peye, l ap anba degèpisman. Twa jou apre pwopriyetè a bay avi a oswa demann aloral pou peman lwaye a, li ka depoze yon pwosedì pou non-peman nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman, epi li ka remèt lokatè a papye yo. Lokatè a dwe reponn petisyon an an pèsòn nan biwo Grefye Tribinal ki Okipe Afè Lojman. Apre sa Grefye a ap bay lokatè a yon dat pou l vini nan tribinal la. Nan dat pou lokatè a vini nan tribinal la, l ap gen yon okazyon pou prezante defans li ba yon Jij Tribinal ki Okipe Afè Lojman. Li konseye pou yon lokatè konsilte yon avoka depi pwosesis degèpisman angaje. Pwopriyetè yo dwe jwenn yon jijman posesyon an "manda" ki egzije yon marechal vil la pou degèpi lokatè a. Lokatè yo ka gen yon defans nan yon reklamasyon pou lwaye nan yon bilding ki te ilegalman chanje ak/ oswa ki pa gen okenn Sètifika pou Abite aktyèl ki endike gen yon moun ki abite nan espas lwe a legalman.

Pwosedì Degèpisman Pwolonje Yon pwopriyetè ka kòmanse yon pwosedì rezime pou posesyon yon apatman pou yon vyolasyon kontra lwaye. Si kontra lwaye yon lokatè gen yon dispozisyon ki prevwa rezilyasyon kontra "nuizans," yon pwopriyetè ka antreprann pwosesis degèpisman pou move konpòtman. An jenetal, yo konsidere yon "nuizans" kòm kondwit ki pèsistan e ki flagran ki menase sante, sekirite, oswa konfò lokatè vwazen yo. Pou fè degèpisman, pwopriyetè a dwe bay prèv ki montre konpòtman lokatè a rive nan nivo sa a. Pwopriyetè a dwe bay yon avi preliminè ki mete bout nan kontra a anvan li kòmanse pwosesis la. Pwopriyetè a ka kòmanse yon pwosedì retansyon pou lòt rezon tankou sou-lokasyon ilegal, rezidans ki pa prensipal, itilizasyon ilegal, oswa ekspirasyon kontra lwaye kote lalwa pa egzije renouvèlman.

SÈVIS LEGAL

Gen sèvis legal gratis pou sèten moun ki pa touche anpil lajan ki te sèvi ak dokiman Tribinal ki Okipe Afè Lojman epi ki bezwen asistans pou evite degèpisman. Pou plis enfòmasyon, rele nan 212-577-3300 oswa 311.

ARYERE SOU LWAYE

Fanmi ak moun ki gen aryere sou lwaye yo riske degèpi kapab aplike pou asistans lwaye One-Shot Deal nan NYC HRA a. Kontakte Infoline HRA a nan 718-557-1399 pou plis enfòmasyon,

Si w ap resevwa Èd Lajan Kach/Èd Leta, ou ka kalifye pou jwenn èd pou peye aryere ou. Ou ta dwe ale nan Sant Travay HRA ou a epi pale ak yon moun nan Inite Reoryantasyon Moun Sanzabri pou diskite sou sitiyasyon w lan.

GRANMOUN

Granmoun aje ki te resevwa yon Avi sou Degèpisman oswa yon avi alekri nan men mèt kay yo ka jwenn asistans pou prevansyon degèpisman ak referans legal. Minisipalite Vil la bay èd pou sitiyasyon degèpisman tou pou moun ki gen laj 60 tan epi ki gen andikap mantal oswa andikap fizik. Pou w jwenn èd, rele nan 311.





HOMEBASE

Fanmi ki sou wout pou vin nan sitiyasyon sanzabri kapab gen aksè nan gwo rezo sèvis ki baze nan katye, ki gen kontra avèk Depatman Sèvis pou Sanzabri Vil New York (NYC Department of Homeless Services) pou ede yo rete nan kominote yo epitou pou pa kite yo antre nan yon abri. Pami sèvis rezo a ka ofri yo gen:

- Medyasyon nan mitan fanmi oswa ant lokatè/pwopriyetè
- Preparasyon bidjè pou fanmi
- Asistans ijan pou lwaye
- Fòmasyon pou travay ak plasman
- Sipò pou jwenn avantaj (sèvis gadri, kupon pou manje, kredi nan taks, asirans sante piblik)

Si ou menm oswa yon moun ou konnen ap fè fas a kriz lojman, rele nan **311** oswa ale sou [311](#) sou entènèt pou w lokalize biwo HOMEBASE ki pi pre w la.

SIBVANSYON ARYERE LWAYE POU ADILT SELIBATÈ AK FANMI

Administrasyon Resous Imèn NYC (HRA) ka ede lokatè ki gen posesyon legal yon apatman, oswa aplikan yo te degèpi men ki gen pwopriyetè ki vle kontinye lwe yo apatman, lè yo peye aryere yo nan yon sibvansyon aryere lwaye. disponib pou moun k ap resevwa èd Leta ak pou moun ki pa kalifye pou resevwa Èd Leta. Fanmi ak adilt selibatè kalifye. Kontakte Infoline HRA a nan **718-557-1399** pou plis enfòmasyon,

Ale sou [311](#) sou entènèt oswa rele nan **311** pou w kontakte Sant Djòb HRA ki nan zòn ou an epi aplike pou yon sibvansyon pou aryere lwaye.

REPONS TRIBINAL KI OKIPE AFE LOJMAN

Repons Tribinal ki Okipe Afè Lojman (Housing Court Answers, HCA) gen yon liy dirèk tou si ou bezwen èd pou w peye areye lwaye ou. Rele si ou gen yon dosye nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman ak yon rezon valab pou pa anreta nan peman lwaye ou tankou lanmò nan fanmi an, yon maladi grav, si ou pèdi djòb ou, oswa rediksyon nan kantite èdtan nan travay ou, si revni ou wo ase kounye a epi ou kapab peye lwaye ou pivevan, epitou si ou "kapab jere" kantite lajan ou dwe nan aryere peman lwaye ou. HCA pa bay èd lajan dirèk, men li bay moun ki rele yo referans nan òganizasyon karitatif yo, epi li bay enfòmasyon sou règ Administrasyon Resous Imèn Vil New York pou moun jwenn èd. Anplwaye ak volontè ki sou biwo enfòmasyon nan tout Tribinal ki Okipe Afè Lojman yo ap reponn kesyon sou pwosedi ak fòm tribinal la. Yo kapab bay referans tou pou wè founisè sèvis legal ak lòt òganizasyon prevansyon degèpisman, resous, ak ajans. Pifò manm ekip la pale lang Anglè ak Panyòl.

V. Lòt Pwoblèm konsènan lojman

A. Apatman Lwaye Reglemante

Pou enfòmasyon detaye konsènan règleman pri lwaye yo, gade ti liv Biwo Majistra a pou Pwoteje Lokatè yo sou <https://www1.nyc.gov/content/tenantprotection/pages/tenant-protection-laws> ak ti liv Pwokirè Jeneral la *Chanjman nan Lwa sou Lwaye Eta New York: Sa Ou Dwe Konnen* nan <https://ag.ny.gov/sites/default/files/changes-in-nys-rent-law.pdf> oswa si ou panse mèt kay ou a te vyole lwa pwoteksyon pou lokatè New York yo, kontakte biwo AG a nan **(800) 771-7755; TDD/TTY Liy gratis: (800) 788-9898**.

LWE OGMANTE

Pwopriyetè apatman lwaye estabilize ak pwopriyetè apatman lwaye kontwole pou devwa pou yo enskri lwaye yo sou entènèt chak ane soti 1ye avril rive 31 jiyè sou sistèm otomatize HCR la. Pwopriyetè yo dwe aplike pou ogmantasyon yo tou dapre amelyorasyon yo fè nan chak apatman apa ak nan tout bilding nan. Lokatè yo kapab kontakte HCR konsènan ogmantasyon pri lwaye a akòz apwobasyon Komisyon Gid Pri Lwaye (Rent Guidelines Board) chak ane, Amelyorasyon nan Apatman Endividyèl (Individual Apartment Improvements, IAI), oswa Gwo Amelyorasyon Enpòtan (Major Capital Improvement, MCI). Lokatè yo kapab chèche konsèy legal tou pou yo jwenn èd pou detèmine si ogmantasyon pri lwaye legal. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan pwoblèm sa yo, konpoze **718-739-6400** oswa ale sou entènèt sou portal.hcr.ny.gov/app/ask.

RENOUVÈLMAN KONTRA LWAYE

Jeneralman, yo dwe ofri lokatè ki nan apatman lwaye estabilize kontra renouvelman nan yon fòm HCR apwouve pou yon dire yon ane oswa de, selon chwa lokatè a, nan yon pri Komisyon Oryantasyon sou Lwaye a fikse. Pwopriyetè a dwe bay yon avi renouvelman ekri sou yon fòm Renouvelman Lwaye (Renewal Lease form, RLF) DHCR pa lapòs oswa an pèsòn nan yon dèlè ki pa depase 150 jou, epi ki mwens pase 90 jou, anvan kontra lwaye ki egziste a ekspire. Apre lokatè a resevwa òf renouvelman an, li gen 60 jou pou chwazi yon dire kontra lwaye, pou li siyen kontra lwaye a, epi pou li retounen kontra lwaye a ba pwopriyetè kay la. Si lokatè a pa aksepte renouvelman kontra lwaye yo ofri li a nan peryòd 60 jou sa a, pwopriyetè a ka refize renouvle kontra lwaye a, epi li ka ale nan tribinal pou degèpi lokatè a apre ekspirasyon kontra lwaye a. Lè yon lokatè siyen RLF la, epi voye l tounen bay pwopriyetè a, pwopriyetè a dwe kopi ki fin siyen nèt epi date a bay lokatè a nan espas 30 jou. Yon renouvelman kontra lwaye ta dwe anvigè nan dat oswa apre dat yo siyen li, epi yo ta dwe retounen li ba lokatè a anvan dat ekspirasyon kontra lwaye a. Anjeneral, kontra lwaye a ak nenpòt ogmantasyon lwaye pa ka retwo-aktif.

B. Lwa sou Konfisyalite sou Done Lokatè

Dapre Lwa lokal 63 nan 2021, mèt pwopriyete lojman kolektif ki itilize sistèm aksè entelijan (san kle), ki gen ladan men pa limite pòt kle, yon teknoloji elektwonik oswa enfòmatisize, yon kat idantifikasyon pa radyo frekans, aplikasyon telefòn mobil, idantifikasyon byometrik, oswa nenpòt lòt teknoloji dijital yon fason pou garanti aksè nan lojman kolektif klas A, espas komen nan lojman kolektif sa yo, oswa nan yon inite lojman endividyèl, yo dwe bay lokatè yo yon retansyon done ak règleman sou vi prive. Sistèm aksè entelijan an dwe gen sekirite solid ak pwoteksyon pou pwoteje sekirite ak done lokatè ak envite yo.

PWOPRIYETÈ KI GEN YON BILDING KI GEN AKSÈ ENTELIJAN OSWA TYÈS PATI:

- Dwe jwenn konsantman eksprime swa alekri, oswa atravè yon aplikasyon mobil pou kolekte done referans nan men yon itilizatè pou itilize nan yon sistèm aksè entelijan
- Ka kolekte sèlman yon kantite minimòm done otantifikasyon ak done referans ki nesèsè ki ap pèmèt itilizasyon sistèm aksè entelijan:
 - non itilizatè a;
 - nimewo inite abitasyon an ak lòt pòt oswa espas komen kote itilizatè a gen aksè lè l ap sèvi avèk sistèm aksè entelijan sa nan bilding sa yo;
 - metòd kontak itilizatè a prefere;
 - enfòmasyon idantifikasyon byometrik itilizatè a (tankou anprent dijital, anprent vokal analiz retin) si sistèm aksè entelijan sa yo itilize enfòmasyon idantifikasyon byometrik;
 - nimewo kat idantifikasyon an oswa nenpòt pyès idantifikasyon ki kapab yon pyès fizik yo itilize pou fasilite antre nan bilding nan, tankou kat idantifikasyon radio frekans, bluetooth oswa lòt pwotokòl teknik menm ki sanble ak yo;
 - modpas, paskòd, non itilizatè yo ak enfòmasyon kontak yo itilize poukont yo oswa an konjonksyon avèk lòt done referans pou bay yon antre itilizatè nan yon bilding aksè entelijan, inite lojman nan bilding lan, oswa espas komen nan bilding nan ki gen sistèm aksè entelijan bilding lan, oswa pou jwenn aksè nan nenpòt zouti sou entènèt yo itilize pou jere kont itilizatè ki gen rapò ak bilding sa yo;
 - enfòmasyon sou kontra-lwaye, tankou dat amenajman e, si sa posib, dat demenajman; ak
 - lè ak metòd aksè a, sèlman pou rezon sekirite.
- Dwe detwi tout done otantifikasyon yo kolekte oswa sistèm aksè entelijan jenere ki nan posesyon yo pa pita pase 90 jou apre done sa yo te kolekte oswa jenere, eksepte pou done otantifikasyon ki konsève sou yon fòm anonima.
- Pa ka vann, lwe oswa divilge done ke yo kolekte bay yon lòt moun sof si lalwa egzije sa, oswa si moun nan se operatè sistèm aksè entelijan an epi lokatè a bay konsantman li.
- Pa ka sèvi ak okenn sistèm navigasyon satelit oswa sistèm ki sanble ak sa nan sistèm aksè entelijan yo pou swiv anplasman itilizatè deyò bilding nan.



- Pa ka itilize sistèm aksè entelijan pou itilize done yo kolekte pou nenpòt lòt rezon pase akòde aksè ak siveyans antre ak sòti ak aksè nan espas komen nan bilding, oswa limite tan antre nan bilding lan, oswa mande pou sèvi ak yon sistèm aksè entelijan pou jwenn aksè nan antre nan inite lojman lokatè a. Okenn enfòmasyon pa dwe sèvi pou anmède oswa mete yon lokatè deyò.

LWA SOU KONFISYALITE SOU DONE LOKATÈ A TOU:

- Prevwa yon dwa prive kont aksyon pou vann done yo kolekte nan sistèm aksè entelijan yon fason ilegal.
- Limite konsèvasyon done referans ak enfòmasyon ak itilizasyon enfòmasyon konsènan itilizasyon lokatè yo nan sèvis piblik ak sèvis entènèt.
- Entèdi move itilizasyon sistèm aksè entelijan pou swiv frekans ak tan itilizasyon sistèm nan pou yo anmède oswa degèpi yon lokatè, pou swiv sityasyon relasyon yon lokatè ak envite l yo, pou kolekte done referans nan men yon moun ki pa yon lokatè ak pou pataje nenpòt done ki kolekte konsènan yon minè, san pèmision paran l yo.

Pou jwenn yon kopi Lwa lokal 63, tanpri vizite www.nyc.gov/hpd.

C. Sètifika pou Abite ak Peye Lwaye

Lokatè yo ka gen yon defans nan yon reklamasyon pou lwaye nan yon bilding ki te ilegalman chanje ak/ oswa ki pa gen okenn Sètifika pou Abite aktyèl ki endike gen yon moun ki abite nan espas lwe a legalman. Chak lokatè gen yon seri espesifik sikonstans epi lokatè yo ta dwe toujou chèche konsèy legal pou asire dwa yo pwoteje tan pou yo deside pa peye lwaye yo.

D. Sekirite nan Bilding

Lokatè yo ta dwe enfòme pwopriyetè bilding yo ak lapolis sou nenpòt aktivite ilegal k ap fèt nan bilding yo a. Pwopriyetè ta dwe avèti lapolis sou aktivite ilegal k ap fèt nan bilding yo. Pou pwoteje bilding kont trafikant dwòg ak moun k ap brizè, responsab bilding nan, sipèvizè a oswa pwopriyetè a ta dwe repare seri oswa entèfòn ki pa bon imedyatman.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason ou ka amelyore sekirite a nan lojman miltip, gade videyo HPD sou sijè sa a sou www.nyc.gov/hpd.

E. Planikasyon pou Ijans ak Evakyasyon pou Pwopriyetè/Responsab Bilding Rezidansyèl

IJANS AK EVAKYASYON BILDING

Nou ankouraje pwopriyetè ak responsab bilding pou yo konsidere epi rezoud pwoblèm preparasyon pou ijans ansanm avèk rezidan, ansanm ak pèsònèl bilding nan tou. Sa anglobe eleman kle sa yo:

- **Kòd Ensandi New York City a egzije pou tout pwopriyetè bilding apatman prepare epi distribye yon gid preparasyon pou ijans ensandi ak lòt ijans epi pou yo afiche yon seri avi.** Gid yo bay rezidan yo enfòmasyon detaye ak referans entènèt ki gen enfòmasyon siplemantè epi ou ka jwenn yo sou <https://www1.nyc.gov/assets/fdny/downloads/pdf/codes/nyc-apartment-building-emergency-guide.pdf>. Mèt apatman yo dwe distribye Bilten Anyèl 2020-2021 sou Pwoteksyon kont Ensandi ak Preparasyon nan Sityasyon Ijans anvan 29 janvye 2021. Ou ka jwenn bilten an isit la: <https://www1.nyc.gov/assets/fdny/downloads/pdf/codes/2020-2021-fep-annual-bulletin.pdf>. Avi pou Fèmen Pòt la ta dwe afiche nan moman yo voye bilten yo. Avi sou Fèmen Pòt yo ka disponib isit la: <https://www1.nyc.gov/assets/fdny/downloads/pdf/codes/close-the-door.pdf>.
- **Lokatè andikape oswa ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl espesyal ta dwe konseye pwopriyetè bilding nan tout konsiderasyon politik yo ta ka bezwen nan sityasyon ijans;** pa egzanp, si yo bezwen konnen si asansè yo pa an sèvis. Pwopriyetè/ responsab ta dwe prepare reponn demand sa yo. Nou ankouraje lokatè andikape oswa ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl espesyal devlope pwòp plan yo ak rezo sipò yo



pou sizanka yo ta dwe evakye yon bilding. Pwopriyetè bilding yo oblije voye lis verifikasyon Preparasyon nan Sitiyasyon Ijans/Planifikasyon Evakyasyon an avèk Gid Preparasyon Ijans lan. Ou ka jwenn lis verifikasyon an isit la: <https://www1.nyc.gov/assets/fdny/downloads/pdf/codes/individual-emergency-checklist.pdf>. Pandan yon ensandi (sikonstans ko li pi pwobab pou yo egzije evakyasyon imedyat), pèsònèl bilding nan (ap oblije evakye tou), li ka pa twò pre epi/oswa li ka pa an mezi pote tout lokatè yo asistans li. Plan evakyasyon pa ta dwe pran sispansyon sèvis asansè a an konsiderasyon sèlman, men li ta dwe pran konsekans pàn kouran ak pàn dlo pwolonje a an konsiderasyon tou. Moun ki rete nan bilding nan ta dwe enfòmè responsab bilding nan si yo gen bezwen espesyal, sitou si y ap itilize chèz woulant oswa lòt materyèl pou ede yo deplase nan yon bilding wo oswa si yo pa kapab tandè alam. Materyèl pou evakyasyon se yon lòt posiblité, sitou pou outages pwolonje menm si li nesèsè pou gen planifikasyon pèsonalize. Ou ka jwenn pwèn pou w pran an konsiderasyon konsènan materyèl sa yo sou sit entènèt Resous pou Preparasyon Ijans Biwo Majistra pou Moun Andikape a www.nyc.gov/MOPD.

- **Cominikasyon klè ant pwopriyetè ak moun ki rete nan bilding nan ap amelyore sekirite tout moun sa yo ansanm ak sekirite pèsònèl la pandan ijans.** Pwopriyetè/responsab ta dwe evalye kapasite yo pou kominike tout moun nan bilding nan enfòmasyon enpòtan gras a itilizasyon sistèm kominikasyon bilding nan (tankou entèfòn ak sistèm alam ensandi), lètèl oswa mesaj tèks. Pèsònèl bilding nan (si genyen) ak pwopriyetè/responsab bilding nan bezwen kapab kominike fyabman youn ak lòl tou. Yo ta dwe pran swen etabli mwayen kominikasyon altènatif pou sizanka kouran ta koupe kominikasyon regilye pa telefòn ta sispann. Pwopriyetè yo ta dwe mete yon nimewo telefòn konfidansyèl presi 24 sou 24 lè y ap enskri bilding yo a nan HPD yon fason pou yo ka ba w enfòmasyon enpòtan pandan ijans. Pwopriyetè yo gen obligasyon pou afiche yon avi tanporè ak enfòmasyon ijans nan espas komen nan bilding nan anvan yon ijans anrapò ak move tan, apre yon dezaz natirèl, epi apre yo fin enfòmè ke ap gen yon pann sèvis piblik pral dire plis pase 24 èdtan. Pwopriyetè ta dwe afiche avi nan chak etaj oswa bay moun ki rete nan bilding lan mesaj dirèkteman. Ou jwenn yon egzanzp avi a sou sit entènèt HPD a sou <https://www1.nyc.gov/assets/hpd/downloads/pdfs/services/emergency-notification.pdf>.
- **Pwopriyetè/responsab bilding ak/oswa pèsònèl bilding ta dwe kontwole sistèm avètisman** Depatman Jesyon Ijans New York City, Depatman Polis New York City ap jere a ak/oswa sistèm avètisman prive pou yo rete enfòmè konsènan ijans ki ka afekte bilding yo. Sa ap bay pwopriyetè bilding opòtinite pou yo pran tout mezi ki apwopriye pou pwoteje rete nan bilding nan epi pwoteje pwopriyete yo. Pou enskri pou resevwa mizajou nan tout vil sou ijans nan men Jesyon Ijans NYC, rele **311** oswa ale sou www.nyc.gov/notifynyc.
- **Avètisman konsènan asansè:** Pwopriyetè ak responsab ta dwe kominike moun ki rete nan bilding lan politik asansè bilding nan, sitou moun ki depann de asansè depi avan ijans. Nou ankouraje pwopriyetè kenbe asansè yo an sèvis tank sa posib epi pa sispann sèvis yo jiskaske yon siklòn ta prèske rive sou tè oswa avan yon evakyasyon.
- **Pwopriyetè/responsab bilding ta dwe revize Gid Preparasyon Ijans Depatman Ensandi NYC pou Bilding Apatman a (ak lòt resous piblik ak prive) epi gade kòmman pèsònèl bilding yo ta dwe reyaji devan chak kalite ijans ki site nan gid la.** Pwotokòl ekri ka ede raple pèsònèl ki nan bilding nan ki sa yo dwe fè epi ki avètisman yo dwe bay sizanka yoni jans, tankou kominikasyon kòrèk ak 911, pwopriyetè/responsab ak moun ki rete nan bilding nan. Pèsònèl bilding nan ta dwe fòmè pou fasilite repons EMS ak lòt entèvenan nan ijans medikal nan bilding nan, (tankou, fè yon asansè tounen oswa kenbe li, konseye premye entèvenan epi eskòt premye entèvenan yo pou yo rive kote lokatè ki bezwen asistans). Nou ankouraje pwopriyetè/responsab bilding pou yo tcheke lokatè nan bilding nan kit e gen tan prezante tèt yo kòm moun ki bezwen asistans alavans, avan ak apre evènman an pou wè si yo bezwen asistans.
- Pwopriyetè/responsab bilding ta dwe bay enfòmasyon sou preparasyon pou ijans selon menm kalandriye Sèvis Ponpye a rekòmande nan gid sou preparasyon ijans ak ensandi a. Li rekòmande pou yo fè fòmasyon sou preparasyon pou ijans nan bilding nan peryodikman tou. Gen materyèl planifikasyon disponib sou <http://www1.nyc.gov/site/em/ready/guides-resources.page> epi gen kopi papye ki disponib gratis.



Pou plis enfòmasyon sou planifikasyon ijans pou pwopriyete bilding nan HPD, vizite: <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/disaster-response.page> ak <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/emergency-preparedness.page>.

F. Diskriminasyon

Anba lwa lokal, lwa leta ak lwa federal, mèt pwopriyete yo ak reprezantan yo (ki se anplwaye pwopriyete enstitisyon an, antrepriz koutaj byen imobilye yo, antrepriz jesyon yo, oswa ajan yo, elatriye), pa ka bay refi lojman pou fiti lokatè sou baz ras, koulè, relijyon, kwayans, peyi kote yo fèt, sèks (tankou asèlman seksyèl), idantite seksyèl, laj, eta sivil oswa kondisyon patenarya, andikap, kondisyon etranje oswa sitwayènte, metye legal, oswa sous legal revni. Answit, lokatè yo pa ka jwenn refi pou lojman paske yo gen timoun. Fair Housing NYC - yon efò konjwen ant HPD ak Komisyon Dwa Moun NYC (Commission On Human Rights (CHR) - bay enfòmasyon sou klas pwoteje yo dapre Lwa sou Dwa Moun nan Vil la, ki moun ki ka responsab pou Diskriminasyon nan Lojman, ki jan yo pote yon plent diskriminasyon lojman, opòtinite lojman abòdab, diferans ki genyen ant dwa lojman ki jis ak dwa lokatè yo, epi ale nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman. Sit entènèt Lojman Ekitab NYC a, www.nyc.gov/fairhousing, bay enfòmasyon sou resous, materyèl telechajab nan plizyè lang, ak avi pou aktivite sou lojman ekkitab ki pral genyen epi ki k ap ouvè a piblik la. Lokatè ki kwè yo viktim diskriminasyon nan afè lojman ka rele nan **311** pou pote plent nan dèle yon ane apre ensidan an epi y ap voye li ba Komisyon Dwa Moun (Commission on Human Rights, CCHR) Vil New York la.

Si ou t ap eseye achte oswa lwe yon kay oswa yon apatman epi ou kwè yo vyole dwa sivil ou, ou ka fè yon plent nan Enforcement Bureau of the NYC Commission on Human Rights (CHR), ki chita nan 22 Reade Street, New York, NY 10007 ki nan sid Manhattan. Sèvis Komisyon an bay yo gratis. Yon espesyalis lojman san patipri ap revize plent ou fè pou diskriminasyon nan zafè lojman pou detèmine si plent lan sipoze zak ki ta ka vyole lwa sou Lojman san Patipri (Fair Housing Act). Si plent ou konsène yon vyolasyon posib lwa a, espesyalis la ap ede ou fè yon plent ofisyèl pou diskriminasyon nan zafè lojman. Lwa Vil New York sou Dwa Moun (NYC Human Rights Law) egzije pou ou fè plent lan nan yon ane apre dènye zak diskriminasyon ou sipoze ki fèt la. Pou w pran randevou, tanpri rele nan **311** (oswa **212-NEW-YORK** oswa **212-306-7450**).

G. Sezi

Center for New York City Neighborhoods (CNYCN) bay rezidan New York City yo riske sezi kay yo oryantasyon pou sèvis legal, konsèy sou lojman ak fòmasyon konsomatè. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale nsouan <https://cnycn.org>, oswa rele nan **311** oswa **646-786-0888**.

H. Asosyasyon Lokatè

Seksyon 230 Lwa sou Imobilye a pwoteje lokatè ki vle òganize yon asosyasyon lokatè pou yo pwoteje dwa yo pou reparasyon, sèvis, elatriye. Lokatè yo ka fòme òganizasyon lokatè, yo ka antre ladan yo epi yo a patisipe ladan yo pou pwoteje dwa yo. Pwopriyete yo dwe kite òganizasyon lokatè yo reyini, gratis, nan nenpòt salè kominotè oswa sal sosyal ki nan bilding nan, menmsi li ka reklame yon frè itilizasyon sal la nòmalman. Reyinyon òganizasyon lokatè yo obligatwa pou fèt nan moman rezonab epi nan yon manyè pasifik ki pa bloke aksè nan bilding nan. Pwopriyete kay yo gen entèdiksyon pou pratike asèlman oswa vanjans kont lokatè ki egzèsè dwa yo.

H. Animal domestik

Sof si yo kapab konsidere yon animal domestik kòm yon "animal sèvis" moun avèg, moun soud oswa andikape ap itilize, se pwopriyete bilding nan k ap deside aksepte animal domestik ou pa epi anjeneral sa di nan kontra a. Si yon lokatè gade yon animal domestik nan apatman an san pèmisyon pwopriyete bilding nan, yo ka konsidere sa kòm yon vyolasyon grav kontra a epi sa ka yon rezon pou yo rezilye kontra a. An plis de sa, gen anpil animal yo pa ka gade kòm animal domestik legalman nan vil New York. Pou plis enfòmasyon sou règleman konsènan animal domestik, rele nan **311** pou w kontakte DOHMH.



VI. Fòmasyon sou Lojman

Sèvis Fòmasyon ak Sansibilizasyon Katye (Neighborhood Education and Outreach, NEO) HPD a ofri klas gratis sou yon pakèt sijè ki enterese ni lokatè ni pwopriyetè yo, tankou:

- Pwoblèm mwazi, ensèk nuizib ak lòt pwoblèm sante nan kay
- Kontwòl Penti abaz Plon
- Kondisyon Kòd Lojman pou administratè pwopriyete NYC yo ak Pwoesis pou retire vyolasyon yo
- Pwopriyetè pou Lapremyè fwa
- Prè ak sibvansyon ki disponib pou pwopriyetè pou reparasyon pwopriyete

Property Management Classes
▶ Introduction to Residential Property Management
▶ Introduction to Rent Regulations and Housing Court
▶ Housing Maintenance and Safety Requirements
▶ Financing Capital Improvements and Improving Operations: HPD Programs Explained
▶ Identifying and Managing a Lead-Based Paint Problem
▶ Pests and Mold: An Owners' Guide to Indoor Allergen Laws

Pou yon katalòg konplè sou òf yo, ak pou konnen plis sou evènman k ap vini yo, tanpri vizite www.nyc.gov/hpd, oswa rele nan 212-863-8830. Vèsyon anrejistre fòmasyon sou entènèt HPD sou jesyon penti ki gen plon yo disponib sou entènèt: ale sou www.nyc.gov/lead-based-paint, desann sou Responsablite Pwopriyetè a (Owner Responsibilities), epi klike sou fòmasyon (education). Pou w gade wè yon fòmasyon anrejistre sou Alèjèn enteryè (Indoor Allergens) (Mwazi ak ensèk nuizib), ale nan: <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/indoor-allergen-hazards-mold-and-pests.page> epi klike sou Fòmasyon.

NEO travay tou avèk dirijan eli yo ak òganizasyon kominotè ki pa la pou fè pwofi pou patwone Fwa Lojman pou Pwopriyetè ak Lokatè nan chak minisipalite. Pou jwenn pwochen evènman yo, ale nan "Event" (Evènman) nan tèt paj HPD a. Pou planifye yon evènman an patenarya ak HPD, voye yon imèl nan neo@hpd.nyc.gov.

Resous pou Moun k ap Chèche Lojman Pri Abòdab

I. Fason pou aplike pou lojman abòdab

NYC HPD ak HDC kreye opòtinite lojman abòdab pou Nouyòkè selon nivo revni ak gwosè moun nan kay la. Nan lide pou garanti yon distribisyon lojman abòdab ki jis e ekita, yo ofri ti apatman sa yo pou lwe oswa pou achte nan yon sistèm lotri owaza.

PWOSESIS APLIKASYON

[NYC Lojman Konekte \(NYC Housing Connect\)](#) se pòtal sou entènèt pou w jwenn epi aplike pou lokasyon abòdab ak opòtinite pou vin pwopriyetè nan tout senk minisipalite nan Vil New York. Pwochen lokatè ak achtè kay yo ka jwenn anons pou lojman abòdab sou NYC Housing Connect ak nan tout vil la ak nan piblikasyon lokal yo. Anons yo gen enstriksyon sou fason pou aplike pa mwayen Housing Connect oswa sou papyè, ansanm ak egzijans nan domèn revni ak gwosè fanmi an pou lojman abòdab yo, ki ka varye selon pwojè yo. Piblisite yo gen enfòmasyon sou sa ki rezève ak sou preferans pou chwa.



KALIFIKASYON

Nenpòt moun ka aplike pou lojman abòdab, men pou w kalifye, ou dwe gen omwen 18 lane e revni fanmi an dwe nan yon tranch espesifik pou chak opòtinite lojman abòdab, oswa ou bezwen gen yon bon ki kouvri lwaye w la. Aplikan yo oblije ranpli kèk lòt kondisyon kalifikasyon, tankou kantite byen, pou kalifye. Gade paj "Èske w kalifye?" nan HPD a pou plis enfòmasyon: www.nyc.gov/hpd/findhousing.

ANBASADÈ LOJMAN (HOUSING AMBASSADORS)

Pwogram Anbasadè Lojman HPD a se yon rezo òganizasyon kominotè ki ede moun prepare epi aplike pou lotri lojman abòdab. HPD met ansanm ak Anbasadè Lojman pou garanti moun k ap chèche lojman abòdab nan tout divès kominote nan vil la gen aksè ak dènye enfòmasyon ki konsistan, materyèl ak asistans avèk pwosesis aplikasyon lojman abòdab la.

Pou plis enfòmasyon, oswa pou pran randevou avèk yon Anbasadè Lojman, tanpri vizite www.nyc.gov/housing-ambassadors.

LÒT RESOUS

HPD ofri yon kantite resous pou ede Nouyòkè yo pandan tout vwayaj lojman abòdab yo a:

- Vizite **Paj aprantisaj ki sou NYC Housing Connect la** pou w aksede nan videyo fòmasyon ki pral montre w fason pou w kreye kont ou, konplete pwofil ou, epi kòmanse aplike pou lojman abòdab: <https://housingconnect.nyc.gov/PublicWeb/about-us/training>.
- Vizite **Paj Konsènan nou (About) ki sou NYC Housing Connect la** pou aprann plis sou pwosesis aplikasyon an ak resous ki disponib pou ede w yo: <https://housingconnect.nyc.gov/PublicWeb/faq>.
- Li Gid **pou Aplikasyon Housing Connect** ki ka ede w konprann ki jan pou prepare epi aplike pou lojman abòdab yo: www.nyc.gov/hpd/findhousing.

II. Egzanpsyon Ogmantasyon Lwaye



Lokatè ki kalifye pou Pwogram Egzanpsyon Ogmantasyon Lwaye pou Granmoun nan (Senior Citizen Rent Increase Exemption, SCRIE) oswa Egzanpsyon Ogmantasyon Lwaye Andikape a (Disability Rent Increase Exemption, DRIE) kapab fè yo kenbe pri lwaye yo nan nivo l ye a nèt epitou yo kapab egzante yo ogmantasyon sou pri lwaye a alavni.

Pou toude pwogram yo, revni total fanmi an chak ane dwe \$50 000 oswa mwens, aplikan an dwe peye plis pase yon tyè nan revni total fanmi an chak mwa pou lwaye, epi lwe yon apatman ki reglemante pa

HCR (sa vle di, lwaye kontwole oswa lwaye estabilize oswa otèl estabilize). HPD administre SCRIE pou pwojè lwaye ki pa estabilize, tankou lokasyon/koperativ Mitchell Lama ak koperativ HDFC.

Pou w kalifye pou SCRIE, aplikan an dwe gen omwen 62 lane. Pou kalifye pou DRIE, aplikan an dwe gen omwen 18 an epi li dwe ap resevwa Revni Sekirite Siplemanntè Federal (Federal Supplemental Security Income, SSI), Asirans Federal Sekirite Sosyal pou Enfimite (Federal Social Security Disability Insurance, SSDI), yon pansyon oswa yon konpansasyon pou envalidite nan Depatman Afè Veteran Ameriken, oswa Medicaid ki gen rapò ak andikap si aplikan an te resevwa swa SSI oswa SSDI nan tan lontan an; epi non l dwe sou kontra lwaye a oswa lokasyon an, oswa yo te akòde l dwa siksesyon nan apatman an.

Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt Depatman Finans lan sou Pòtay Aksè Lokatè NYC a, www.nyc.gov/nyctap, oswa paj dakèy Rent Freeze nou an sou www.nyc.gov/rentfreeze. Ou kapab voye yon demann tou nan www.nyc.gov/contactscrie oswa www.nyc.gov/contactdrie, oswa rele nan 311. Kounye a ou ka pran randevou pou vizite biwo pwogram Rent Freeze Program nou an nan 66 John Street, 3rd Floor, nan Manhattan, oswa youn nan lòt biwo nou yo, sou www.nyc.gov/dofappointments.

Resous pou Pwopriyete

I. Seksyon Prezèvasyon Katye (Neighborhood Preservation, DNP)

Seksyon Prezèvasyon Katye HPD a (DNP) konprann difikilte ki genyen pou jere epi kenbe pwopriyete rezidansyèl yo. Chak bilding gen pwòp difikilte finansye, fizik ak jesyon pa li, e akizasyon pwopriyete se youn nan pi gwo envestisman yon ti pwopriyete ta ka fè. DNP ofri konsèy endiviyèl akoutèm e alontèm ki adapte selon bezwen espesifik yon bilding. DNP ka ede yon pwopriyete pou:

- Konprann kondisyon Kòd Antretyen Lojman (HMC) pou byen kenbe pwopriyete a yon fason pou lojman rete yon espas san danje pou tout lokatè yo. Yon pèsònèl teknik ki konnen kondisyon HMC ka pase vizite pwopriyete a yon fason pou bay konsèy sou jere kondisyon bilding nan dapre Kòd Antretyen Lojman an **anvan** gen vyolasyon ki fèt.
- Chèche konn pwosesis ki gen rapò ak lè yo ranvwaye yon vyolasyon.
- Vin gen plis enfòmasyon sou divès prè, sibvansyon ak rediksyon taks oswa egzansyon ki ka ede nan kenbe pwopriyete a, espesyalman lè yon pwopriyete gen bezwen fizik oswa finansye ki enpòtan. Sa a pral chita sou kalite espesifik bilding nan ak bezwen fizik pwopriyete a.

II. Fèb Enterè sou Prè oswa Egzanpsyon Taks

Biwo Devlopman HPD administre plizyè pwogram finansman ki bay prè ak enterè ki ba ak/oswa egzansyon taks sou pwopriyete pou fasilite dirabilite fizik ak finansye epi rann bilding prive milti fanmi ak pwopriyete ki okipe yo abòdab. Pwogram yo disponib pou bilding tout gwosè ak e selon bezwen yo. Pou enfòmasyon sou asistans finansye pou pwopriyete yo, vizite nyc.gov/letsinvest.

III. Biwo Asistans pou Pwopriyete

Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (HPD) ak Sant pou Katye NYC yo (Sant lan) te anonse finansman yon Biwo Asistans pou Pwopriyete elaji pou ede patikilyèman pwopriyete koulè ki gen chans deplase. Avèk nouvo finansman ki soti nan Enterprise Community Partners (Enterprise) ak Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York (OAG), Biwo Èd la ap prezante kontak aktif nan Southeast Queens, Central Brooklyn ak North Bronx.

Non sèlman I ap konekte pwopriyete ki gen difikilte yo ak sèvis konsèy pou lojman, asistans finansye ak sèvis legal, Biwo Èd la ap devlope estrateji kreyatif sansibilizasyon kont siy vòl papye kay ak èskrokri. Istorikman, zòn yo chwazi yo te dispwopòsyonèlman afekte pa pratik prè ponya, eskwokri ak politik piblik diskriminatwa sou baz ras. Nan efò pou etann efò sansibilizasyon yo, HPD ak Sant lan pral travay ansanm pou estabilize kominote yo epi ede pou sispann yon sik deplasman danjere.

Biwo Èd la pral lanse ofisyèlman nan prentan 2021. Pwopriyete ki enterese yo ka aprann plis lè yo rele liy dirèk CNYCN nan **1-855-HOME-456**.

IV. Egzijans Anrapò ak Akò Racha

Jan sa parèt nan paj 15 nan seksyon Asèlman, pwopriyete yo oblije swiv sèten règleman lè y ap ofri lokatè yo posiblite pou rachte apatman yo a. Dapre Lwa lokal 102 ane 2019 la ("Lwa sou Akò Acha") ("Buyout Agreement Law"), pwopriyete ki antre nan yon akò racha ak yon okipan legal nan bilding yo dwe enfòme Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (HPD) sou kondisyon ki nan akò racha pa mwayen imèl nan buyoutagreement@hpd.nyc.gov. Tanpri vizite paj Buyout Agreement Law HPD la pou plis enfòmasyon.





Enfòmasyon Kontak Enpòtan pou lòt pwoblèm ki gen rapò ak lojman

Depatman Konstwiksyon Vil New York (NYC Department of Buildings): 311

NYC Residential Mortgage Insurance Corporation: 212-227-5500

Inite Èd pou Enskripsyon nan HPD: 212-863-7000 oswa register@hpd.nyc.gov

Komisyon Dwa Moun NYC (Commission On Human Rights) www.nyc.gov/cchr oswa rele nan 311. Ale nan Seksyon V-D sou Diskriminasyon nan zafè lojman an pou plis enfòmasyon.

311 se nimewo telefòn Vil New York pou ou jwenn enfòmasyon ak sèvis gouvènmantal. Tout apèl **311** 24 sou 24, 7 jou sou 7 epi yo bay enfòmasyon an plis pase 170 lang. Konpoze **311** si ou nan lavil la oswa **212-NEW YORK** si ou andeyò senk (5) minisipalite yo oswa w ap itilize sèvis entènèt nyc.gov/311.TTY. Sèvis ki disponib nan **212-504-4115**. Ou kapab itilize **Aplikasyon Mobil NYE 311** an pou kèk sèvis.

Konsèy Minisipal Vil New York la ap resevwa tout kesyon, kòmantè oswa fidbak. Rele nan **311** oswa ale sou council.nyc.gov pou ou ka jwenn manm Konsèy Minisipal Vil New York la ak zòn ki anba kontwòl yo. Ou kapab fè rechèch selon adrès pou jwenn manm pa w ak enfòmasyon pou kontakte li.

Ou kapab kontakte Pwokirè Jeneral Eta New York la pou w jwenn enfòmasyon sou dwa ak devwa pwopriyete bilding, lokatè ak koutye byen imobilye. Liy telefòn pou Enfòmasyon ak Plent lan se 1-800-771-7755.

Ou ka kontakte Depatman Renouvèlman Lojman ak Renouvèlman Kominotè [Homes and Community Renewal (HCR)] Eta New York la pou enfòmasyon sou lwaye ak sèvis pou apatman lwaye kontwòle ak apatman lwaye estabilize. Liy pou enfòmasyon ak plent lan se **1-866-ASK-DHCR (1-866-275-3427)**.

Biwo Majistra NYC pou Moun Andikape NYC a (Mayor's Office for Persons with Disabilities) (MOPD) ap travay pou asire l pwogram ak règleman vil la satisfè bezwen moun andikape yo epi li bay bwochi enfòmasyon ak anyè ki detaye pwogram yo, sèvis yo, aktivite yo ansanm ak lòt resous ki aksesib pou moun andikape. Ou kapab jwenn MOPD nan 100 Gold Street 2nd Floor, New York, NY 10038 oswa si ou rele nan **311, 212-NEW YORK (SI OU PA NAN VIL LA)** oswa **711** (Sèvis Relè pou Moun Soud/Moun ki Mal pou Tande).

Biwo Majistra Vil Nouyòk pou Pwoteje Lokatè yo (MOPT) travay avèk tout ajans Vil yo pou amelyore pwogram anti-asèlman ak anti-deplasman ki la yo plis toujou, epi kreye nouvo estrateji pou anrasinen abi. Ou kapab jwenn MOPT nan 100 Gold Street 2nd Floor, New York, NY 10038 oswa si ou rele nan **311** oswa ale sou nyc.gov/tenantprotection.

Biwo Defansè Piblik la ap bay asistans li pou plent ak demann ki konsène sèvis ak règleman gouvènmantal. Soti nan rezoud pwoblèm plent konsènan lwaye rive nan konbat abi ajans ap fè, Biwo a plizyè milye moun nan New York chak ane nan amelyore transparans gouvènmant Vil la. Ou kapab jwenn Fòm Public Advocate's Constituent Help Desk Intake la sou <http://pubadvocate.nyc.gov/constituent-help-desk> oswa kontakte Biwo Defansè Piblik nan telefòn nan **212-669-7250**.

Biwo HPD nan Minisipalite a

BROOKLYN

Brooklyn, Queens & Staten Island/Neighborhood Preservation Office
212-863-7400

Biwo Aplikasyon Kòd
212-863-8060
210 Joralemon Street
Brooklyn, NY 11201

Biwo Aplikasyon Kòd
212-863-6620
701 Euclid Avenue
1st Floor
Brooklyn, NY 11208

BRONX

Bronx and Manhattan Neighborhood Preservation Office
212-863-7100

Biwo Aplikasyon Kòd
212-863-7050
1932 Arthur Avenue
3rd Floor
Bronx, NY 10457

MANHATTAN

Biwo Aplikasyon Kòd
212-863-5030
94 Old Broadway
7th Floor
New York, NY 10027

QUEENS

Biwo Aplikasyon Kòd
212-863-5990
120-55 Queens Blvd.
Queens Borough Hall
Kew Gardens, NY 11424

STATEN ISLAND

Biwo Aplikasyon Kòd
212-863-8100
Staten Island Borough Hall
Staten Island, NY 10301

PWOGRAM ENSPEKSYON PENTI KI GEN PLON

212-863-5501

TOUT BIWO SÈVI PIBLIK YO:

Lendi rive Vandredi
9am rive 4pm
Eksepte Manhattan NPO



New York State Homes and Community Renewal (HCR) Borough Offices

Lokatè ki peye pri lwaye kontwole kapab jwenn plis enfòmasyon epitou yo kapab fè plent depi yo ale nan youn nan biwo NYSHCR ki nan minisipalite a.

BROOKLYN

55 Hanson Place
5th Floor
(tou pre Atlantic Terminal)

BRONX

2400 Halsey Street
(tou pre Zerega Avenue)

MANHATTAN

25 Beaver Street
(near Broad Street)
163 W. 125th Street
5th Floor
(tou pre Seventh Avenue)

QUEENS

Gertz Plaza
92-31 Union Hall Street
(tou pre Jamaica Avenue)



Egzanp Siyalizasyon Gid Enfòmasyon sou Lojman an

Lwa lokal 45 ane 2014 nan Kòd Administratif Vil New York, Seksyon 26-1103, egzije pou afiche avi ki pi ba a konsènan disponiblite gid enfòmasyon sou lojman sa a *yon gid enfòmasyon ki*—pou lokatè ak pwopriyetè a. Avi sa a dwe yon kote k ap fasil pou moun wè li kote yo depoze lèt nan yon bilding plizyè mou ap viv. Enspektè yo pral verifye si pano a afiche byen nan enspeksyon. Si pwopriyetè a pa afiche avi a, sa ap yon vyolasyon klas A, epi yo ka egzije l yon amand sivil \$250.

GID ENFÒMASYON SOU LOJMAN POU LOKATÈ AK PWOPRIYÈTÈ

ABC Lojman an *yon gid enfòmasyon* kidisponib sou sit entènèt Depatman Pwoteksyon ak Devlopman Lojman Vil New York (New York City Department of Housing Preservation and Development, HPD) www.nyc.gov/hpd. Pou w jwenn gid sa a sou papyè rele nan **311**.

Gid la gen enfòmasyon sou sijè sa yo:

- Degèpisman
- Chofaj ak Dlo Cho
- Kontwòl Bèt Nuizib
- Òganizasyon Lokatè
- Kontra pri lwaye kontwole
- Asistans ak lwaye pou lokatè ki aje oswa andikape
- Diskriminasyon nan Lojman
- Reparasyon ak antretyen
- Repons lokatè pou notifikasyon pwopriyetè
- Aksè pou enspeksyon mèt kay ak reparasyon
- Sèvis legal gratis ak sèvis a ba pri

GUÍA DE INFORMACIÓN DE VIVIENDA PARA INQUILINOS Y DUEÑOS

Un guía de información de vivienda los “ABCs de Vivienda” está disponible en la página web del Departamento de Preservación de Viviendas y Desarrollo de la Ciudad de Nueva York en www.nyc.gov/hpd. Este guía imprimido también está disponible llamando al **311**.

El guía contiene información sobre los siguientes temas:

- Desalojo
- Calefacción y agua caliente
- Manejo de plagas
- Organización de inquilinos
- Alquilar de arrendamientos regulados
- Asistencia de alquiler para ancianos o inquilinos deshabilitados
- Discriminación de vivienda
- Reparaciones y mantenimiento
- Respuesta de Inquilinos a notificaciones del dueño
- Acceso para inspecciones de dueños para reparaciones
- Servicios legales gratis y a bajo costo

Dat enpòtan pou sonje

Gid Enfòmasyon sou Lojman

www.nyc.gov/hpd

Janvyè

Avi anyèl pou gri pwoteksyon fenèt

Avi anyèl pou enstalasyon kouvèti pou Bouton Fou

Enspeksyon Anyèl Alèrjèn

16 janvyè - 15 fevriye
Bay Lokatè Avi Anyèl pou Prevansyon kont Danje Penti Ki Fèt Ak Plon

29 Jan
Dat Limit pou Bilten Anyèl pou Pwoteksyon kont Ensandi Preparasyon nan Sitiyasyon Ijans

31 Jan
Pwogram Aplikasyon Altènatif Seleksyon Sik Pwogram nan

Jen

1ye jen - 31 out
Enskripsyon Pwopriyete HPD

Enspeksyon chodyè

Septanm

Verifikasyon Siyalizasyon Obligatwa:

- Avi sou fuit gaz
- Avi sou Sekirite Ensandi
- Pano "Fèmen Pòt la"
- Sètifika Vizit Enspeksyon
- Siyatì pou Koleksyon Fatra
- Non Lokalite Moun ki gen Kle Sal Chofaj la
- Pano Etaj
- Nimewo Lari Lojman an
- Non ak Adrès Gadyen an
- Avi sou Aparèy Detekte Lafimen
- Maksimòm lokatè nan chanm yo
- Avi sou Gid Enfòmasyon sou Lojman
- Pano Entèvansyon Lè Gen Dezaz
- Resi Depo Anyèl Pinèz
- Maksimòm lokatè nan chanm yo
- Pano Nimewo Seri

Fevriye

15 fevriye,
dat limit pou Resevwa Avi Anyèl nan Men Lokatè yo

16 fevriye - 1ye Mas
Envestige Inite ki Pat Bay Avi anyèl

Avril

1ye Apr - 31 Jiyè
Renouvèlman Kay Kominote Enskripsyon Anyèl Lwaye

Jiyè

Pwogram Detektè Chalè Seleksyon Bi-Anyèl

Oktòb

31 oktòb - 31 me
Sezon chalè

Desanm

1Ye des - 31 des
Depo Anyèl Rapò sou Pinèz

Enfomasyon Konsènan aplikasyon an nan lwa lokal 66 nan 2019: Amandman nan definisyon an nan plon ki baze sou penti anba atik 14 nan Kod la antretyen lojman

Dokiman sa a se pou enfomasyon sèlman epi yo pa konstitye konsèy legal. Dokiman sa a pa yon deklarasyon konplè sou responsablite pwopriyete bilding anrapò ak penti oswa nenpot lot sijè. Pou enfomasyon sou konfòmite penti ki gen plon yo dapre lwa NYC 2003 sou prevansyon pou timoun kont pwazon, yo rele anmenmtan tou lwa lokal 1 an 2004 (lwa lokal 1) ak obligasyon yon pwopriyete pou adrese pwoblèm penti ki gen plon, tanpri ale sou sit entènèt HPD a nan www.nyc.gov/lead-based-paint.

Depatman Lojman Prezèvasyon ak Devlopman (HPD) te adopte amannman nan chapit 11 nan 28 nan règleman vil New York la, ki gen ladan yon definisyon korèk pou penti ki gen plon. Definisyon kòrèk la ap antre anvigè 1ye desanm 2021. Amannman nan chapit 11 nan Tit 28 nan règleman vil New York la mete ann aplikasyon nimewo lwa lokal 66 pou ane 2019 (lwa lokal 66), ki bay yon definisyon amande sou penti ki gen plon lè HPD pibliye yon règ ki di ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben federal (HUD) te bay omwen yon fèy karakteristik pèfòmans (PCS) ki apwouve yon analizè fluoresans radyografi (XRF) ki disponib nan komès ki teste nan nivo 0.5 miligram plon pou chak santimèt kare. HUD te apwouve yon PCS ki bay pou itilize yon XRF (aktyèlman Viken Detection Model Pb200i) pou teste penti ki gen plon lè l sèvi avèk nivo aksyon 0.5 miligram plon pou chak santimèt kare. Se poutèt sa, HPD te amande règleman sou penti ki gen plon li yo pou l enkli yon deklarasyon sou apwobasyon HUD epi pou l enkòpore definisyon amande penti ki gen plon, jan Lwa Lokal 66 egzije sa. Lwa lokal 66 defini penti ki gen plon kòm "0.5 miligram plon pou chak santimèt kare oswa plis, jan sa detèmine nan analiz laboratwa, oswa selon yon analizè fliyoresans ak reyon X."

FÈY KARAKTERISTIK PÈFOMANS APWOUVE POU APARÈY TÈS XRF

An desanm 2020, Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) te apwouve yon Fèy Karakteristik Pèfòmans (PCS) pou Viken Detection Model Pb200i teste nan yon nivo aksyon 0.5mg/cm². Dapre PCS Desanm 2020 pou Viken Pb200i teste nan 0.5 mg/cm², yo klase rezilta XRF yo konsa:

- **Pozitif** si yo pi gran oubyen egal ak 0,6 mg/cm²
- **Negatif** si yo mwens pase oubyen egal ak 0,4 mg/cm²
- **enklizyon** si yo egal ak 0.5 mg /cm². HPD pral pati ak yon sifas ki gen yon rezilta XRF 0.5 mg/cm² se penti ki gen plon, sou baz definisyon an, sof si analiz yon echantiyon penti montre rezilta yo negatif pou penti ki gen plon..

DELÈ POU APLIKASYON

Apati 1ye desanm 2021, tout tès pou penti ki gen plon dwe fèt avèk yon enstriman XRF ak yon PCS apwouve (pou kounye a Viken Detection Model Pb200i) nan yon nivo aksyon 0.5 mg/cm² HUD pibliye. Chanjman sa a afekte plizyè pwosesis ki gen rapò ak penti ki gen plon ki afekte pwopriyete ak lokatè yo, tankou:

- Emisyon **vyolasyon** HPD
- Konfli vyolasyon HPD
- Tès XRF obligatwa nan tout apatman ki depann de LL1 anvan Out 2025
- Tès XRF ki gen rapò ak **verifikasyon** konfòmite woulman ki montre ke sifas friksyon fenèt ak pòt ki pa bezwen bese.
- Tès XRF ki fèt pou aplikasyon pou **egzansyon** de sipozisyon penti ki gen plon dapre Lwa Lokal 1

1. Èske pwopriyete yo ka kòmanse fè tès ak machin XRF ki mezire nivo aksyon 0.5 mg/cm² anvan 1ye desanm 2021?

Wi. Piske estanda sa a pi strik pase estanda aktyèl la, n ap aksepte rezilta tès ki soti nan enstriman ki gen yon PCS apwouve pa HUD bay nan nivo aksyon 0.5 mg/cm² epi yo te repwograme pou fè tès nan nivo aksyon 0.5 mg/cm². Rezilta tès XRF sa yo ka itilize anvan 1ye desanm 2021 pou pwosesis tès tankou konteste vyolasyon HPD kote yo sipoze penti ki gen plon (lòd vyolasyon #616 ak #621), konfòmite lwa lokal 31, ak Egzanpsyon (gade opozisyon anba a nan seksyon Egzanpsyon yo). Kounye a, sèl machin XRF apwouve pou teste nan nivo aksyon 0.5 mg/cm² - yon fwa manifakti a repwograme kòm sadwa - se Viken Detection Model Pb200i.

2. Si tès la ap fèt kounye a ak yon aparèy mezi nan yon estanda 1.0 mg/cm² men rezilta tès la se 0.4 mg/cm² oswa pi ba, èske mwen ka itilize rezilta sa a pou satisfè nouvo estanda a apre 1ye desanm 2021?

Non. Pa gen anyen ki pwouve yon enstriman tès XRF nan yon nivo aksyon 1.0 mg/cm² ta ka teste avèk presizyon nivo pi ba yo nan penti ki gen plon yo menm jan ak yon enstriman XRF ak yon PCS HUD apwouve ki te pwograme nan yon nivo aksyon nan 0.5 mg/cm². Yo te bay enstriman Viken Detection Model Pb200i yon PCS apwouve pou teste nan nivo aksyon 0.5 mg/cm² men manifakti a dwe repwograme l pou teste avèk presizyon nan nivo aksyon sa a.

VYOLASYON HPD

Kounye a HPD fè enspeksyon penti ki gen plon chak fwa gen yon enspeksyon nan yon inite kote yon timoun ki poko gen sis lane pase regilyèman 10 èdtan oswa plis nan yon semèn epi bilding lan te bati anvan 1960. Nan anpil ka kote yo remake penti k ap dekale, enspeksyon HPD a gen ladan l tès XRF sou sifas ki pentire ki gen pwoblèm. Apati 1ye desanm 2021, HPD pral fè enspeksyon lè l sèvi avèk Viken Detection Model Pb200i ki apwouve pa HUD ki repwograme

pou teste nan nivo aksyon 0.5 mg/cm². Vyolasyon yo pral soti lè l sèvi avèk nouvo definisyon nan penti ki gen plon ki baze sou lekti ki nan aparèy sa a.

1. Ki vyolasyon HPD pral bay si lekti XRF a se 0.5 mg/cm²?

Dapre PCS ki apwouve pa HUD pou enstriman XRF modèl Viken, yon rezilta 0.5 mg/cm² klase kòm enkonklizyon lè yo teste lè l sèvi avèk enstriman ki repwograme a. HPD pral soti yon vyolasyon pou yon tès danje sou penti ki gen plon nan nivo 0.5 mg/cm² men pèmèt pwopriyetè a konteste vyolasyon an lè li bay rezilta analiz chip penti a ki ta detèmine penti a dwe negatif. Yon pwopriyetè pa ka sèvi ak tès XRF pou konteste vyolasyon ki soti a 0.5 mg/cm²

2. Èske yon lekti XRF 0.4 mg/cm² se rezilta yon vyolasyon penti ki gen plon HPD?

Non. Yon rezilta 0.4 mg/cm² oswa mwens pi ba pase nivo definisyon an pou emisyon yon vyolasyon penti ki gen plon.

3. Èske yon lekti XRF 0.6 mg/cm² se rezilta yon vyolasyon penti ki gen plon?

Wi. Yon rezilta 0,6 mg/cm² oswa pi wo pral pozitif. Kidonk, pwopriyetè yo p ap kapab konteste yon vyolasyon ki soti nan 0.6 mg/cm² oswa pi wo ak yon analiz chip penti oswa tès XRF adisyonèl.

4. Èske pwopriyetè yo pral oblije konteste yon òdonans vyolasyon #616 (prepoze vyolasyon danje anrapò ak penti ki gen plon) ki te pibliye anvan 1ye desanm 2021 ak yon lekti XRF ki pi ba pase 0.5 mg/cm²?

Pou vyolasyon **yo te bay kòm yon òdonans #616 anvan 1ye desanm 2021** yopwopriyetè yo pral kapab konteste vyolasyon an lè l sèvi avèk 1.0 mg/cm² kòm definisyon penti ki gen plon. Pwopriyetè yo dwe itilize tès XRF ki fèt pa yon enstriman ki la pou nivo aksyon 1.0 mg/cm² pou konteste vyolasyon sa yo anvan 1ye desanm 2021.

WOULMAN/RENOUVELMAN

Tout pwopriyetè kay pou lokasyon anvan 1960 yo oblije fè yon enspeksyon epi dokimante nan woulman (pòs vid, anvan re-okipasyon), epi yo te oblije diminye sifas ki pentire fenèt ak pòt friksyon sou premye woulman an depi mwa Out 2004 epi korije danje penti ki gen plon sou nenpòt lòt sifas ki pentire nan apatman an nan chak woulman, ansanm ak lòt obligasyon. Si w bezwen plis enfòmasyon sou kondisyon sa a, gade sit wèb nou an: www.nyc.gov/lead-based-paint.

1. Si pwopriyetè kay la pa t ap fè enspeksyon woulman paske tès anvan yo te endike pa gen penti ki gen plon, èske pwopriyetè a gen pou teste l ankò nan nivo nouvo aksyon an?

Apati 1ye desanm 2021, nenpòt inite yo te akòde yon egzansyon anba nivo aksyon 1.0 mg/cm² pèdi estati egzansyon sa a nan premye woulman inite sa a epi li dwe fè egzijans

woulman yo epi li dwe rapòte woulman sa a bay HPD pou revokasyon egzansyon an. Pwopriyetè a ta dwe soumèt yon nouvo aplikasyon pou egzansyon pou inite a epi yo ta dwe akòde yon nouvo estati Egzanpsyon "San Plon" ki baze sou tès ki fèt la ak yon machin XRF ki fikse nan nivo aksyon 0.5 mg/cm² (gade anba a seksyon sou Egzanpsyon pou plis enfòmasyon) pou yo pa oblije fè aktivite woulman ki nesèsè yo.

Ou ka jwenn echantiyon fòm pou dokimante woulman an ak yon eksplikasyon konplè sou kondisyon woulman sou sit wèb nou an: www.nyc.gov/lead-based-paint.

KONDISYON TÈS XRF – TOUT INITE (Konfòmite LWA 31 LOCAL)

Fè tès XRF nan tout inite yo obligatwa epi yo dwe dokimante pa tout pwopriyetè kay pou lokasyon anvan 1960, ak nan tout lojman ki te bati 1960-1978 kote pwopriyetè a gen konesans sou penti ki gen plon, anvan mwa Out 2025. Si w bezwen plis enfòmasyon sou kondisyon sa a, gade sit wèb nou an: www.nyc.gov/lead-based-paint

1. Si yo te teste apatman an pou konfòmite ak Lwa Lokal 31 avèk yon machin XRF ki te teste nan nivo aksyon 1.0 mg/cm², èske y ap mande yon lòt tès apatman konplè nan nivo aksyon 0.5 mg/cm² nan dat 1ye desanm 2021?

Apatman an pa oblije fè tès ankò pou konfòmite ak Lwa Lokal 31, men ou ka vle fè sa. Apre 1ye desanm 2021, rezilta tès ki fèt nan nivo 1.0 mg/cm²: 1) pa ka itilize pou detèmine konpozan negatif pou penti ki gen plon dapre Lwa lokal 1; 2) pa ka itilize pou satisfè kondisyon woulman yo; epi 3) pa soulaje pwopriyetè a pou l fini travay lè l sèvi avèk pratik travay ki an sekirite.

Apatman yo teste pou konfòmite Lwa Lokal 31 apati 1ye desanm 2021 yo dwe teste pa yon enstriman ak PCS apwouve HUD nan nivo aksyon 0.5 mg/cm².

2. Èske yo ka itilize enspeksyon konfòmite Lwa Lokal 31 pou aplike pou yon egzansyon?

HPD ankouraje pwopriyetè yo pou yo aplike pou yon Egzanpsyon San Plon oswa Egzanpsyon San Plon ki baze sou rezilta yon enspeksyon konfòmite Lwa Lokal 31. HPD pral kòmanse aksepte tès ki fèt nan nivo aksyon 0.5 mg/cm² avèk yon enstriman HUD apwouve nan dat 1ye novanm 2021. Si tout rezilta yo negatif lè yo fè tès la avèk yon enstriman HUD apwouve nan nivo aksyon 0.5 mg/cm², pwopriyetè a ka aplike pou yon Egzanpsyon San Plon san plis travay. Si gen rezilta pozitif (oswa rezilta enkonklizyon ki pa pwouve yo negatif), pwopriyetè a ka aplike pou yon Egzanpsyon San Plon si yo fè travay rediksyon sou sifas pozitif oswa enkonklizyon pou retire penti a nèt oswa ranplase eleman an. Si yo itilize kontenisyon oswa ankapsilasyon kòm yon pati nan rediksyon an, yon pwopriyetè ka aplike pou yon Egzanpsyon Plon Sekirite. Kòm yon rapèl, pwopriyetè a dwe ranpli yon Aplikasyon pou Egzanpsyon epi li dwe soumèt tout dokiman obligatwa yo (sa enkli lòt dokiman anplis rezilta tès XRF yo) anvan HPD al verifye dokiman an apwopriye e konplè yo pou li kapab resevwa yon Egzanpsyon.

Nòt: Tès Lwa Lokal 31 ki te fèt anvan 1ye desanm 2021 ki baze sou tès nan nivo aksyon 1.0 mg/cm² ka itilize tou pou aplike pou yon egzansyon pou yon peryòd tan limite; sepandan, egzansyon yo akòde sou baz tès nan nivo aksyon 1.0 mg/cm² yo pa anvigè ankò lè woulman – gade anba a seksyon Egzansyon an pou plis enfòmasyon.

EGZANPSYON

Pwopriyetè kay yo ka ranpli ak HPD pou yon egzansyon de kèk nan dispozisyon Lwa Lokal 1. Chanjman nan definisyon penti ki gen plon pral afekte egzansyon ki depoze dapre tès XRF ki fèt nan nivo aksyon 1.0 mg/cm². Ou ka jwenn Aplikasyon pou Egzansyon an sou sitwèb HPD nan: www.nyc.gov/lead-based-paint

1. Kisa ki pral rive ak egzansyon aktyèl mwen an ki baze sou chanjman nan nivo tès penti ki gen plon an?

Nenpòt egzansyon yo akòde nan nivo aksyon 1.0 mg/cm² p ap anvigè sou premye woulman ki fèt nan dat 1ye desanm 2021 oswa apre.

2. Ki jan pwosesis revokasyon Egzansyon an pral fonksyone?

Pwopriyetè yo gen obligasyon pou notifiye HPD lè woulman fèt nan apatman egzante (swa yo akòde endividyèlman pou inite a oswa akòde pou inite yo nan bilding nan anba yon sèl egzansyon). HPD pral avèti pwopriyetè yo nan mwa Oktòb/Novanm 2021 ak yon lis egzansyon HPD ki deja emèt epi li pral ba yo enfòmasyon sou pwosesis la sou fason pou notifiye HPD sou woulman an lè li rive. HPD pral afiche tou fòm obligatwa pwopriyetè yo dwe itilize pou pwosesis notifikasyon sa a sou sit wèb HPD la. Le HPD resevwa avi woulman ki soti nan yon pwopriyete pwopriyete, oubyen si HPD vin okouran de woulman yo, HPD pral anile. Sepandan, apati dat woulman an, malgre HPD fè yon avi sou revokasyon an, inite a pral sijè a Lwa Lokal 1 ankò, ki gen ladan egzansyon pou woulman sa a. HPD pral voye yon avi revokasyon bay pwopriyetè a ansanm ak enfòmasyon sou fason pou aplike pou yon nouvo egzansyon.

Pwopriyetè a ka soumèt yon nouvo aplikasyon pou egzansyon ak tès la fini nan nivo aksyon 0.5 mg/cm² lè l sèvi avèk yon enstriman ak PCS apwouve HUD nan nivo aksyon sa a ak nenpòt travay rediksyon ranpli jan sa nesèsè pou jwenn egzansyon an.

3. Èske nenpòt apatman ki vid nan dat 1ye desanm 2021 p ap gen egzansyon li an ankò, oswa èske se sèlman yon apatman ki vire (vin vid) apre dat sa a ki p ap gen egzansyon li an ankò? Si yo lwe yon apatman men li pa okipe nan dat sa a, èske egzansyon an ap rete?

Nenpòt apatman ki gen **yon nouvo dat lokasyon apre 1ye desanm 2021** (kidonk vid 1ye desanm 2021) p ap gen egzansyon ki anvigè apati 1ye desanm 2021 oswa dat li vid la, kèlkeswa dat ki annapre, e pwopriyetè a dwe fè HPD konnen woulman sa a. Inite a yon lòt fwa ankò sijè a konfòmite ak egzansyon woulman yo (pou woulman sa a) ak tout lòt kondisyon Lwa Lokal 1 ke li te egzante anvan. Nenpòt tès penti ki gen plon ki fèt pou asire konfòmite ak kondisyon woulman yo oswa pou soumèt pou yon nouvo egzansyon dwe itilize nouvo

nivo aksyon 0.5 mg/cm² pou penti ki gen plon epi yo dwe teste pa yon enstriman XRF ak HUD apwouve PCS nan nivo aksyon sa a.

4. Kilè HPD pral kòmanse aksepte demann egzansyon pou tès ki fini nan nivo aksyon 0.5 mg/cm²?

HPD pral kòmanse aksepte aplikasyon pou egzansyon ki gen ladan tès nan nivo aksyon 0.5 mg/cm² lè l sèvi avèk yon enstriman ak PCS HUD apwouve nan nivo aksyon sa a nan dat 1ye novanm 2021. Sepandan, pwopriyetè yo ka kòmanse fè tès nan nouvo nivo aksyon an anvan dat sa a ak yon enstriman apwouve ki repwograme pou teste nan nouvo nivo aksyon 0.5 mg/cm².

5. Èske HPD ap kontinye aksepte egzansyon nan nivo aksyon 1.0 mg/cm² apre 1ye desanm 2021?

HPD ap kontinye aksepte aplikasyon nan nivo aksyon 1.0 mg/cm² jiska 1ye mas 2022 **SELMAN SI** tès la te fèt nan nivo aksyon 1.0 mg/cm² anvan 1ye desanm 2021 **E nan** inite a pa pral nan woulman anvan 1ye mas 2022. Kòm yon rapèl, nenpòt egzansyon yo akòde anvan 1ye desanm 2021 nan nivo aksyon 1.0 mg/cm² yo valab sèlman jiskaske inite a libere nan premye woulman apre 1ye desanm 2021. Nenpòt egzansyon yo akòde nan nivo aksyon 1.0 mg/cm² ant 1ye desanm 2021 ak 1ye mas 2022 ap rete anvigè sèlman jiskaske premye woulman an. Yo ka akòde inite a yon egzansyon endividyèl oswa egzansyon an ka te akòde pou inite yo nan bilding nan kòm yon antite anndan yon sèl egzansyon. Gade kesyon 1 ak 2 nan seksyon sa a pou plis enfòmasyon sou pwosesis pou notifiye HPD sou woulman nan inite egzante nan nivo aksyon 1.0 mg/cm².